ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЦКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№27 (23.997) ● 2020 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 7, щэбэт ● Тхьэмахуэм щэ къыдокІ ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм исхэм зэрызахуигъаз эр

Пщіэ зыхуэсщі си лъахэгъуэ!

Мы гъэм илъэс 76-рэ ирокъу Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэм къыщыхъуа нэхъ гузэвэгъуэшхуэхэм ящыщ зыр. 1944 гъэм гъатхэпэм и 8-м балъкъэр лъэпкъыр залымыгъэкІэ ягъэкІри, Азие Курытымрэ Къазахстанымрэ ягъэкІуаэу щытащ. Ялэжьа апхуэдэ хабзэншагъэм хэкІуэдахэм я фэепІь махуэм ипэ къихуэу балъкъэр лъэпкъым сыхуэгуэзэвэну сыхуейщ апхуэдэ гъэунэхунымрэ хьэлъэхэр, хэщІыныгъэ инхэр зэригъэтам къыдэкІуэу. Балъкъэр лъэпкъым щІыгъуу, а гуэввагъуэр я гум къуэу Къэбэрдей-Балъкъэрым ис псомри. Псоми ди зэхуэдэ тхыдэм а и напэкІуэцІыр зыщыдгъэгъупщэну дэ дыхуиткъым.

Гуэввэгъуэ хьэлъэхэмрэ гуаузэхэмрэ балъкъэрхэр къызэфІагъэшІакъым. Къэралым ис адрей лъэпкъхэм ящІыгъуу, ахэр Хэку зауэшхуэм и фронтхэм лІыхъужьыгъэ яхэлъу адэкІи щызэуащ, щхьэмыгъаззу тылым щылэжьащ, зауэ нэужьым цІыхубз хозяйствэр зэтегъэуцужьмырэ абы зегъэужьынымрэ зэфІэкІышхуэ ирахьэлІащ. Илъэс пщыкІущ дэкІуэу къагъэззэкри, балъкъэрхэр гъащІэщІэ ухуэным щхьэжру пэрыувэжащ. ЗэфІэкІрэ тегушхуэныгъэрэ яхэлъу абыхэм нобэ ехьэлІэныгъэ инхэр къыщагъэлъагъуэ социальнэ, экономикэ, щІэныгъэ, щэнхабзэ Іэнатіхэм зегъэужьыным.

Балъкъэр лъэпкъым, зэрыщыту Къэбэрдей-Балъкъэрым ис лъэпкъ псоми я къэкІуэнур зэрыдахэр, республикэм и ефІэкІуэныгъэмрэ зыужьынныгъэмрэ я шэсыпІэу щыт ди зэкъуэтныныгъэмрэ зэкъуэшыгъэмрэ мыкъутэжыну зэрыбыдэр си фІэщ мэхъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал дамыгъэхэр тыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

ЕкъулІэныгъэ инхэр зэралэІэм икІи илъэс куэд лъандэрэ хьэлэзу зэрылажьэм папщІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щ1ыхь тхылъыр етын

Шевченкэ Тамарэ Иван и пхъум - Щ1ыгъэпсым и Іэнатіэм щыкІэлъыплънынымкІэ Федеральнэ къуэрыкъуащІэм и Щ1ыналъэ зэхуаку управленэу Кавказ Щ1ыхьэрэ федеральнэ округым щы1эм къэрал экологие кІэлъыплъныныгъэмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щы1э и къудамэм и унафэщІым;

щІэ лъапІэхэр яфІэщын:

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ щ1ыхь зиІэ и лэжьакІуэ»

Тюбеевэ Светланэ Мухьтар и пхъум - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІагъэзыгъэт къэрал бюджет Іэхуэщ1апІэм балъкъэр щэнхабзэмкІэ Отаров К. С. и цІэр зезыхьэ и центрым и унафэщІым,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и егъэджакІуэ»

Гъут Хуэмей Хьэжмыхьэмэд и пхъум - Щ1эрэдж муниципальнэ районым хьыбэ Аушыджэр къуажэм дэт «Зэкъуэшхэу Кьардэнхэ Кьубатийрэ Къабардэр я цІэр зезыхьэ курыт еджапІэ» щІэныгъэ щІагъэгъэт муниципальнэ кІэзонэ Іуэхуащ1апІэм математикэмкІэ и егъэджакІуэм,

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыхь зиІэ и экономист»

Устэ Джульетэ Анатолий и пхъум - Къэрал Іуэхущ1апІэм - Урысей Федерацэм Социальнэ страхованэмкІэ и щІыналъэ къудамэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щ1ыпэ и унафэщІым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІУЭКІУЭ Казбек

Налшык къалэ
2020 гъэм гъатхэпэм и 6-м
№17-УГ

Ухуэныгъэм зегъэужьынымкІэ Іэмалхэм топсэлъыхь

КЪБР-м и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек Москва щыхуэзащ «ДОМ.РФ» компаниемрэ генеральнэ директор Мутко Виталий. Ахэр тепсэльыхьащ псэупІэхэр ди республикэм зэрыщ1ауэрым зегъэужьынымрэ, абы и уасэм кІэрыГъэхунымрэ, кьалэм псэукІэ тэмэм къыщыізэгъэпэщ1ным екъэлІа Іуэхухэм.

- КЪЭБЭРДЕЙ-БАЛЪКЪЭР Республикэм и Правительствэм «ДОМ.РФ» зэгухьэныгъэм зэрыдэлажьэм зригъэубгъуну и мурадщ. Дэ иджыпсту дыхущІокъу «ПсэупІэмрэ кьалэм щыІэ щ1ытыкІэмрэ» лъэпкъ проектыр нэгъэсауэ гъэзэщІэным. Фи компанием дэ ди мурадхэр кьыдэхъулІэн папщІэ къэдгъэсэбэп хъуну жэрдэмрэ проекту куэд иІэщ. Республикэм кьыхуэщхьэпэну си гугъэщ ипотекэмкІэ программэр, проектхэр ахъшэкІэ кьызэрызэрагъэпэщ1ыр, кьалэм и щ1ытыкІэм зегъэужьынымкІэ программэр, - къигъэльэгъуащ КІуэкІуэ Казбек.

- «ДОМ.РФ» компаниер зэпымыууэ кІэлъоплъ фэтэр куэд хъу псэупІэ унэхэр, уней ухуэныгъэхэр егъэжІуэкІынымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм иІэ екъулІэныгъэхэм. Дэ дыдэІэпыкъуфынущ комплекснэу щІыналъэхэм зегъэужьынымкІэ, кьалэхэр зэІуэпэщ щ1ынымкІэ, - жиІащ Мутко Виталий.

Иджыпсту мы компаниер щІыналъэм щыІэ ухуэкІуэхэм сэбэп яхуэхъуфынущ проектхэр щагъэхьэзыркІэ ахъшэ кьыдэгъэхуэным, зэкІэ къамыгъэсэбэп федеральнэ щІыхэм ухуэныгъэхэр щегъэкІуэкІыным я лъэныкъуэкІэ. «ДОМ-РФ» зэгухьэныгъэм апхуэдэу и мурадщ льготэ зиІэ ипотекэ программэмэхэм зригъэубгъуну, бэдзэнду ят псэупІэхэр нэхъыбэ ищІыну.

ЗэІуэцІэм апхуэдэу щытепсэльыхьащ республикэм и Правительствэмрэ компаниемрэ ухуэныгъэм и лъэныкъуэкІэ зэщІыгъуу зэфІагъэкІыфынухэм.

КЪБР-м и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэ.

Гъатхэ лэжьыгъэхэм пэрохьэ

Щ1ыуэпс кьабзагъэр егъэфІэкІуэным гулъытэ щегъуэт Лэскэн щ1ыналъэм хиубыдэ жылагъуэхэм.

ИДЖЫЛАГЪЭ Арщыдан щрагъэжІуэкІащ щ1ыуэпсым и щ1ытыкІэр зэпщ1ытэным екъэлІа рейд. Район администрацэм, экологие кьэпщ1ытэныгъэхэмкІэ комиссэм, кьуажэ администрацэм, хабзэхъумэ органэхэм я лІыкІуэхэр зэгъуезу кьуажэ уэрамхэр, кушъхьэпхэр, пхъэнкІий идзыпІэхэр кьызэхакІухьащ. Унагуэхэм кьахэкІащ зи кІэрыкъубжьэрыхуэхэр кІэнаузэхэм, псы жапІэхэм дэзыдзэхэр. Апхуэдэхэм тхІийуэ дяпэкІэ етхьэкъунущ. Кьэдыуэ абыхэм трапьхьэнущ сом 500-м кьыщ1ыщІэдзауэ 1000-м нэс.

Гупым апхуэдэу ф1ыпІэхьащ псыхьэхэр, псы Іуфэхэр. Абдежэжи хабзэм кьемызэгъ кІэрыкъубжьэрыхуэ зэхуэхьэсІапІэхэр кьыщагъэтащ. Ахэр икІэщ1ыпІэкІэ ягъэкъэбзэнущ. Тхьэмахуэ кьэс зэ ирагъэкІуэкІыну рейдым ипкъ иту кьуажэдэсхэм экологиер хьумэным теуха псальэмакъ щхьэпэкэр драгъэкІуэкІ, чэнджэщхэр ират.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз э

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щ1ыхуэм я1эрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щ1ыщ1адз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зы1эрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щ1ыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

● Балъкъэрхэр я лъахэм щрагъэкІа махуэм ирихьэлІэу

Яшэрт, здашэр ямыщІэу

Илъэс 76-рэ и пэкІэ 1944 гъэм и гъатхэр тхыдэм къыхэнащ советыдзэхэм Хэку зауэшхуэм и Іэнатіэ псоми къыщахьа екъулІэныгъэ инхэмкІэ. Ди зауэлІхэм нэмыцэ зэрыпхъуакІуэхэм къыщІагъэкІыжат Совет Союзым щыщу иубыда щ1ыналъэхэм я нэхъыбэр. Псоми къагурыІуат текІуэныгъэр зэрымыжьжьэжьр. Ауэ ар икІи уващ игъащІэ лъандэрэ ди гъусэу къэгъуэгурыкІуэ балъкъэрхэр щыпсэу щ1ыналъэм щраша зэманы. Сыт хуэдэ щхьэусыгъуэ ящІами, абы лъабжьэ гуэри и1эгъкъым, бийм къызэримыгъэзэжынур белджылы къэхъуауэ зэрыщытам къыхэкІыу. Нацистхэм ядэлажьа, лей зезыхьа яхэтами, здэщІэкІыу лъэпкъ псор бзаджащІэу къыщІебгъэзыщІам цІыхугъэм къемызэгъ егъэлеинигъат. Арщхьэкіэ псори ябзри ядыжакІат.

ГЪАТХЭПІЭ мазэм зэрыщІидзэу балъкъэр къуажэхэм дыхьащ ди зауэлІхэр зэрыс «студебеккерхэр». ЖаІащ я узыншагъэмрэ къаурмрэ зэфІагъэувэжын, жьы кьабзэкІэ ягъэбзэуни папщІэ ахэр къашауэ. Жьэгъум щІэс жылагъуэхэм щыпсэуэхэм дунейр пасэу уэфІ зэрыхуэдэр къагъэсэбэнауэ я хадэ тІэкІуэгъэ ягъэкъабзэт. Зэрылажьэнтэр кьагурыІуэжьыртк, гузавэрэтэкым, нэхъапэм нэгъуащІ лъэпкъхэр - къэрэшейхэр, шэшэнхэр, ингушхэр - я лъахэ ирашауэ хъыбар къэІуа пэтми. Арщхьэкіэ жьыр щІэпэмплъамкІэ кьыкьуэуащ...

Пщ1ыхьэщхьэм щ1ыхухъуэгъэ клубхэм щІэзэхуащІэсащ, зыгъэрхэр щхьэусыгъуэу къагъуэтри икІи нэху щ1ыхь абыхэм щІагъ1ащ. Пщ1ащІэжьыжьым псоми жраІащ гъуэгу зэрытехьэнур, икІи загъэхьэзырыну сыхьэтитІ иратащ. ИкІэщ1ыпІэкІэ ягъынэн хуейт я адэ лъапсэжьхэр. Зэхэгъэж яІэтэхъым: зауэм ныкъуэдыкъуэ щ1ыхуэу къэзыгъэзэжаэри, сабийхэри, зи ныбжьыр хэкІуэта лІыжь-фызыжьхэри я зэхуэдэт. Ялэ ита ди нэхъыжьхэм кьалуэтэжырт автомашинэ хьэлъэхэм зэщІэгъуагэу ису блаш щ1ыхуэкІр щалъагъуакІэ, езыхэми я гур кьызэрызэфІэнэр.

Налшык гъущІ гъуэгу вокзалым Іэщ зэрагъэІэпхъуэ вагонхэм щрагъэтІысхьэри ирашэжьащ. Гъуэгу куэдрэ тетынуми, здашэри кьыжраІэтэрэхьэм. Гъжьея ц1ыхухэм хуагъэфэщат тенджжыз Іуфэм Іуашэу псым ирагъэтхьалэну я мураду: апхуэдэ гурыщІхьэ езыгъэщІыр фочкэр яп-щІэхэдзауэ зыхъуІмэ сэлэтхэр хуабжьу гущІэгъ1ныщэу къаІэзэрыхуущ1ырт. Мыбыи гу лъ1ымытэу къанэрыкъым: щрашэжьар гъатхэпэм и 8-м - Щ1ыхубзхэм я дунейпсо махуэм - ирагъэхьэлІат. Берие Лаврентий и гупым апхуэдэ щ1ыкІэкІэ гуфІэгъуэр яІэту кьыщІэкІынут...

Гъуэгу техьэри, мыгувэу щ1ыху куэд сымаджэ хъуащ, зыхэхуа гугъуехьхэр яхуэмыхьу. Къыргъ1ызым, Къэзахъстаным, Сыбыриэм нэсыхьэкІ ІлІахэм я бжьыгъэм теухуауэ тхьдэджэжэм жаІэхэр зэтехуэрэкъым, ауэ ар зы щэ-щ1итУ зэрыщ1ымытыр гурыІуэгъуэщ. Зэрынэсу дунеягъэр зыбгынаэхэр щ1ыІэщ.

Щ1ыпІэм щ1ыпсэухэр щ1ыгуэкІэ станцхэм къекІуалІэурэ я колхозхэм, совхозхэм щагъэлэжьэну балъкъэрхэр хашырт. Ахэр зыхуейр нэхъ узынщ1эхэрати, мыбдежми щ1ыхилъафэр лъэрымыхьхэрт. Езыхэри нэбгрыкІэ кьеплъырт «Хэкум епЦ1ыжахэм». Зэман дэкІащ балъкъэрхэр укъэзымыгъэпцІэну лэжьакІуэшхуэу зэрыщытыр кьагурыІуэхукІэ.

АПХУЭДЗУРЭ илъэс 13 дэкІащ. 1953 гъэм Сталин Иосиф лІа иужь комендатурэм и кІэлъыплъныныгъэ ткІийм щІэтыжакъым ягъэІэпхъуакэр (иджыри къэбзэ абыи зыкъэгагъэщІын хуейт зы щІыпІэм икІыу адрейм кІуэн папщІэ). 1956 гъэм КПСС-м и XX съездым щІэзэрыхьа зэралымыгъэкъэм я Іуэхур икІи захуагъэр зэфІэгъэувэжын зэрыхуейри абы щ1ыхаІащ. Мыгувэу, 1957 гъэм, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым Указ кьыдигъэкІащ Къэбэрдей АССР-р Къэбэрдей-Балъкъэр АССР-у зэхъуэкІыным теухуауэ.

Балъкъэрхэм кьагъэззэжащ илъэс 13-кІэ япэІэщІэу щыта я адэжь лъахэм. Абыхэм псэукІэ тэмэм яІэ хъужащ, ауэ, дауи, лъэпкъым и тхыдэм напэкІуэцІ фЫцІэу кьыхэнащ а лъэхъэнэ хьэлъэр.

ШАЛ Мухьэмэд.

Дыззщ1ыгъуу дылажьэмэ, фІэкІыпІэ имы1эу ехъулІэныгъэхэр къэтхьынущ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек республикэм и Парламентым ЗЭРЫЗЫХУИГЪЭЗАР



Ди газетым зэрытетащи, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым зи чэзыр кьэмыса и зэІуэцІр иджыблагъэ Правительствэм и Унэм щригъэкІуэкІащ.

ЗэІуэцІэм кърагъэблэгъат УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым Федерацэмкіэ и Зэхуэсым хэтхэр, Къэрал Думэм и депутатхэр, УФ-м и Президентым и полномочнэ лІыкІуэу Кавказ Ищхьэрэ федеральнэ округым щыІэм и Іуэхущ1апІэм КъБР-м кьеГъэщІылІа и федеральнэ инспектор нэхъыщхьэр, КЪБР-м и Правительствэм хэтхэр, республикэм и Конституцэ Судым, Суд Нэхъыщхьэм, Арбитражэ Судым я унафэщІхэр, КЪБР-м щыІэ федеральнэ щІыналъэ органхэм, республикэм и Хэкакіуэ комиссэм, Жылагъуэ палатэм, Къэзыщ1ытэ-къэзыбж и палатэм я унафэщІхэр, ЦІыхум и хуитныныгъэхэмкІэ уполномоченнэу КЪБР-м щыІэр, еджапІэ нэхъыщхьэхэм, щІэныгъэ-къэхутакІуэ институтхэм, хабзэхъумэ органхэм я унафэщІхэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ я органхэм, политикэ партхэм, творческэ союзхэм, жылагъуэ дин зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр, щІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм я лжьакІуэхэр.

ЗэІуэцІэр зыхэплъэ Іуэху закъуэм ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек КЪБР-м и Парламентым Зэрызыхуигъаззм теухуауэ къэпсэльащ.

Парламентым и депутатхэу пщІэ зыхуэсщІхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цІыху лъапІэхэ!

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 82-нэ статьям ипкъ иткІэ иджы япэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Зыхуозгъаз.

Абы и лъабжьащ Урысей Федерацэм и Президент Путин Владимир Владимир и къуэм Федераль Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззам щиубзыхуа стратегие кьалэнхэмрэ Іуэхуэхэмрэ, экономикэм щІэгъэзэгъбжьауэ зегъэужьынымкІэ, ц1ыхуэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ абы хэІуцІыІу ищІа мурадхэр.

Щ1ыгъэуа Іуэхуэхэм я куэдагъымрэ инагъымкІэ Президентым иджы Федераль Зэхуэсым Зэрызыхуигъаззам ипэжьпІэкІэ тхьдэ мыхьэнэ иІэщ. Къэралым и Іэтащхьэм абы къыщ1этащ ц1ыхубэр хьумэнымрэ зегъэужьынымрэ, къэралым и политикэ системэр егъэфІэкІуэным, абы и суверенитетыр гъэбыдэным, къаруущхуэ зыбгъэдэль икІи зэпымыууэ ефІэкІуэ иджырей Урысей зэтегъэувэным хуэгъэзауэ мыхьэнэщхуэ зиІэ жэрдэмэхэмрэ Іуэхуэхэмрэ икІи ахэр зегъэужьынымкІэ хэкІыпІэхэр къыщыгъэльэгъуащ.

Мис а стратегие уэнтІыныгъэхэм еззгъыу къыщІэщ1ат лъэхъэнэм лажьэн хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и орган пстэум.

КъыщІэщ1ат зэманым дызэлажьыну кьалэнхэмрэ япэ игъэщІапхъэ уэнтІныныгъэхэмрэ я гугъу ещІын ипэкІэ кІэщІу сыкьутеувыІэнщ 2020 гъэм щ1ыхьэхэм ирихьэлІэу республикэм зэфІигъэкІахэм.

ЗэрыщІыту къапщтэмэ, гъэ кІуар ди дежкІэ Іеякъым. Экономикэ, социальнэ Іэнатіэхэм я уэнтІныныгъэ нэхъыщхьэхэм зегъэужьынымкІэ иІэ екъулІэныгъэхэм республикэм адэкІи пищащ. Зэкіэ ямыззрабжамкІэ, 2019 гъэм валовэ щІыналъэ продуктыр сом меларди 145,6-рэ, промышленностым и продукцэр процент 109,7-рэ, мэкъумэш хозяйствэм и продукцэр процент 105-рэ мэхъу.

Республикэм и экономикэм къыхуэщІагъэуІэн инвестицэхэр процент 7,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ икІи сом мелард 44-м нэсащ.

Илъэсым кьриубыдэу зэкІэлъыкІуэу икІи текІ имы1эу елэжьащ къэрал финансхэр зэтегъэувжьныным, бюджет Іэнатіэм и зэпІэзэрытныныгъэр хьумэным. А псоми я фІыщІэкІэ къэрал щІыхуэр 2018 гъэм елъытауэ сом меларди 2,3-кІэ ягъэмэщІащ.

Дэ дгъэззщІащ республикэ бюджетым къыщагъэльэгъуауэ щыта социальнэ кьалэн псори. Уэныщагъэр хьумэныкІэ, егъэджэныгъэмкІэ Іэнатіэхэр къэгъэщІэрэщІэжыным, щэнхабзэмрэ спортымрэ я мы1ыкъ-техникэ лъабжьэр гъэбдыным, псэупІэжьхэр, социальнэ Іэнатіэм хиубыдэ Іуэхущ1апІэхэр ухуэным, нэхъ хуэмыщІауэ псэу щ1ыху гупэм ядэІэпыкъуным хуэгъэза лэжьыгъэхэм пащащ.

ЗыужьынныгъэмкІэ хэкІыпІэщІэхэр дэ кьуатхуэзэуахащ лъэпкъ проектыр. 2019 гъэм лъэпкъ проектхэр гъэззщІэным тедгъэкІуэдэн папщІэ федеральнэ бюджетым къыхэкІуэу сом меларди 5-рэ мелуан 630-рэ кьыгъэрыхьащ.

Лъэпкъ проектхэр гъэззщІэнымкІэ, республикэм зегъэужьынымкІэ къыгъэщІыным хуэмыщІ ц1ыхубзхэр къалэнхэр тэмэму дэдгъэкІынымкІэ лъабжьэ бдыгъэ уващ жылагъуэ-политикэ зэпІэзэрытныныгъэр, ди зэкъуэтныныгъэмрэ зэгурыІныгъэмрэ, цІыхубэм я зэкъуэшхуэм я зэрыкъуурыдыгъэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэухэм нобэ дэ дзыхь къытхуащІ, абыхэм едгъэлажьэ Іуэхухэр кьыддаІыгъ1ныну хьэзырщ икІи а псоми я жэуапу властым Іуэху пыухыкІакэр зэфІигъэкІыну щогугъ. **Дэ псоми ди кьалэнщ апхуэдэ дзыхь лъапІэр, ди цІыхухэм я пльапІэхэр дгъэпэжыну.**

2019 гъэм жылагъуэ-политикэ псэукІэм хиубыдэ Іуэху хьэлэмэтхэр щыІащ икІи абыхэм ящыщу, шэч хэмылъу, нэхъыщхьэ дыдэр къэралым и Президент Путин Владимир Владимир и Іуэр лъэкІыгъэ Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым къыззрыкІуарщ, мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэху - Урысей Федерацэм и Президентым дež щыІэ Къэрал советым лъэпкъ зэхущытыкІэхэм ятеуха и зэІуэцІр республикэм зэрыщригъэжІуэкІарщ. Къэралым и унафэщІым къытхуищІа пщІэмрэ гупытэмрэ я жэуапу дэ ди лжьыгъэм и унэтІныныгъэ нэхъыщхьэ псоми екъулІэныгъэщІэхэр кьыщытхьыну, экономикэм зегъэужьынымкІэ, цІыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ екъулІэныгъэ инхэр зы1эрыдгъэхьэну ди кьалэнщ.

Ар зэрытхуэзэфІэкІынум щэч къытесхьэрхьым.

Пщ1э зыхуэсщІ депутатхэ!

2019 гъэм екІуэкІа лжьыгъэхэм ятеуха информацэ зэпкърыха республикэм и Правительствэм гъэ къэс ищІ отчётым хэту фи пащхьэ кьралъхьэнущ. Сэ иджыпсту нэхъ тезгъэщІэнщ дызэрыт илъэсым, абы кьыкІэлъыкІуэ гъэхэм ди мурадхэмрэ кьыгъпэщ1ыт кьалэнхэмрэ.

Псоми зэрыфщІэщи, къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам лъэпкъ мурад нэхъыщхьэу кьыщ1ыхигъэщхьэхуКІащ демографие зыужьныныгъэ зэпІэзэрыт кьызэгъэпэщ1ныр.

Ди жагъуэ зэрыхъущи, зэрыщ1ыту къэралми хуэдэу, иужьрей зэманым республикэм кьыщалъхухэм я бжьыгъэм кІэроху, нэгъабэ ар проценти 8,3-кІэ нэхъ мащІэ хъуащ, нэгъуэщІ жьпІэмэ, республикэм сабийуэ 908-рэ кьыщалъхуауэ аращ икІи ар 2018 гъэм кьалъхуауэ щ1ытахэм хуэдиз хъуркъым.

Зэкіэ кьызэрабжамкІэ, 2019 гъэм кьалъхуахэм я коэффициентыр 1,6-рэ хъууэ аращ. Ар ику ити къэралым кьыщабжам нэхърэ тІэкІу нэхьыбэщ. Къэралым и Президентым кьалэну кьигъэуващ кьалъхухэм я коэффициентыр 2024 гъэм ирихьэлІэу 1,7-м нэгъэсын хуейуэ. Сэ кьызэрыслъытэмкІэ, а бжьыгъэр ди дежи 1,8-м щыІэфэкІын хуейщ. Абы щыгъуэщ дэ кьыщыдзэхьулІэнур кьалъхуахэм я хьэкъкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щыпсэу щ1ыхэм я бжьыгъэм зэпымыууэ хэгъэхъуэныкІэ зыхуэдгъэуВыжа мурадыр.

А Іуэхур къыдахьулІэн папщІэ кьызэдгнэкІын хуей гугъуехь нэхъ ин дыдэхэм ящ1ыщ республикэм исхэм ящ1ыщ куэдым я хэхъуэр икъуэкІэ зэрымащІэр.

Абы и лъэныкъуэкІэ кьапщтэмэ, унагуэмрэ сабийхэмрэ ядэІэпыкъуным хуэгъэзауэ къэралым и тхыдэм зэи къэмыхуа лжьыгъэшхуэ зэфІэгъэкІын хуейуэ Президентым къыщигъэуващ Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам. А Іуэхуэхэм фэ фыщІыгуаззщ икІи абы кьыхэкІыу егъэлеяу мыхьэнэшхуэ зиІэ а жэрдэмхэр кьуэ зэпкърыхьэну ситнккъым. Абы и лъэныкъуэкІэ кьыхэзгъэщІыну сызыхуейр зи хэхъуэр мащІэ гупхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, унагуэхэм бын зрагъэзгъуэтыну тегушхуэныкІэ а жэрдэмхэм мыхьэнэшхуэ зэраІэрщ. Дэ ди кьалэнщ унагуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ, демографие зыужьныныгъэр щІэгъэхуэзбжьэныкІэ а Іэмалыщ1эхэр нэгъэсауэ кьэдгъэсэбэпыну.

Къэралым и Іэтащхьэм кьыхилъхьа жэрдэмхэр дэгъэкІынымкІэ дэ хэкІыпІэщІэхэр къэтпльыхуэн хуей зэрыхъунур гурыІуэгъуэщ. Правительствэмрэ Парламентымрэ солъэІу кьыштпщІат лжьыгъэхэм даплъэщІын папщІэ зыхуеину зэхъуэкІныныгъэхэр республикэ бюджетым икІащІыпІэкІэ халъхьэну.

Хуэмыщ1ауэ псэу унагуэхэм защІэгъэкъуэныкІэ Іэмал нэхъ лъэщхэм ящ1ыщу увын хуейщ социальнэ контрактхэр. Зэкіэ а Іэмалыр гъэунэхуныгъэ щІыкІэм тету къэралым и щІыналъэ 13-м кьыщагъэсэбэпауэ аращ. Иджы Президентым кьалэну кьигъэуващ а Іуэхур 2021 гъэм щегъэжьауэ субъект псоми щІэгъэкъуэн кьыщащ1ыну. А унафэр дэ ф1экІыпІэ имы1эу дгъэзащІэ, социальнэ контрактхэр унагуэхэм я псэукІэр егъэфІэкІуэнымкІэ щІегъэжьэну щ1ыпІэ хуейщ.

Псоми нывжесІэну сыхуейщ мы Іуэхум ехьэлІауэ едгъэкІуэкІыну лжьыгъэхэм я ларикІуэхэр ягъэхьэзырра контрактхэм я бжьыгъэм зыхуэдизым темыщІыхьауэ, ипэжьпІэкІэ хуэмыщІауэ псэухэм я бжьыгъэм зэрыкІэрыхуэм тещІыхьауэ кьызэралъытэнур.

Щэч хэмылъу, хуэмыщІауэ псэухэм я бжьыгъэм кІэрыГъэхунымкІэ Іуэху нэхъыщхьэ дыдэу увын хуейр лжьэпащІэм зэрыхагъахьэуэрщ. 2019 гъэм кьрикІуэхэм ялъ иткІэ, кьыщІэкІым тещІыхьауэ лжьэпащІэр процент 5,2-кІэ нэхъыбэ хъуащ. Ауэ абы зыкІи арэзы дыкъищІыркъым. Мы гъэм щегъэжьауэ дэ ди кьалэнщ зэпымыууэ лжьэпащІэм хэхъуэнр кьызэдгъэпэщ1ыну. Фигу кьзэгъэкІыжьыщи, дэ кьалэну зыхуэдгъэувыжащ илъэс гъэнэгъуэм кьриубыдэу ди цІыхухэм я лжьэпащІэр ику иту Урысейм щатым лъэщІэгъэхьэн хуейуэ. ИкІи ди деж зыри кьыщыдгъанэ хъунукъым а кьалэнэр зэдгъэхъулІэн папщІэ. Абы ипкъ иткІэ зэкІэлъыкІуэу икІи текІ имы1эу нэхъыбэ ящІын хуейщ бюджет Іэнатіэм щылажьэхэм я улахэр.

(КІэлъыкІуэр 2-нэ нап.)

● Лъэпкъ Іуэху

Адыгэ Іуэрытхым зэхуешэс

Адыгэ тхыбзэм и махуэм ирихьэлІэу иджы илъэс етІуанэ хьуауэ Дунейпсо Адыгэ Хасэм къызэрегъэпэщ адыгэ Іуэрытхыр (диктантыр).

ДЫГЪУАСЭ ар щекІуэкІащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетымрэ Мэлбахъуэ Тимборэ и цІэр зезыхьэ Пъэпкъ библиотекэмрэ. Іуэрытхым хэтащ зи лъэпкъыбзэм хуэфащэ пщІэ хуэзыщІэр, зи зэфІэкІ зыгъэунэхуужьну гукъыдэж зиІэхэр, Іэщ1агъэ, къулыкъу зэмылІэужьыгъуэхэм пэрытхэр. Псальэм къыдэкІуэу жыпІэмэ, КъБКъУ-м диктант щ1ызытхахэм яхэтт профессорхэр, егъэджакІуэхэр, журналистхэр, актёрхэр, режиссёрхэр, студентхэр, еджакІуэхэр, адэ-анахэр.

Абы кьрихьэлІахэм кьызэрыхагъэщащи, апхуэдэу зэуІуу Іуэрытх тхыным лъэпкъым иджыри зэ зыхригъэщІэнуц ди бзэм и лъапІагъыр, ар хьумэным, зегъэужьыным хуэтщІ гупЫэтэр, анэдэлъхубзэм иІэ мыхьэнэр.

Лъэпкъым и бзэр и псэщ жаІэ. Зи анэдэлъхубзэм и фІагъыр зыгъэлъэгъуф, зи Іэзагъыр утыку кьызыхьэф куэд кьызэрызэхуэсар гуапэт. Апхуэдэуи адыгэ Іуэрытхыр гъатхэпэм и 6-м щекІуэкІащ Мейкъуапэ, Черкесск, Ставрополь, Мэздэгу, Москва, камэ къэрал зыбжанэм.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтыр **Къарей Элинэ** *трихащ.*

«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм захудогъаз э

2020 гъэм и япэ илъэс ныкъуэм щ1ыхуэм я1эрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Іэ щ1ыщ1адз зэманыр нухащ.

«Адыгэ псалъэ» газетыр зы1эрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащІэ: мэлыжьыхьым къыщыщІэдзауэ ар къевгъэхьын папщІэ Іэ щ1ыщІэвдз хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Іуэхущ1апІэмэ.

Мази 3-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 348-рэ кІэпІейкІэ 15-рэщ.

Ди индексыр П 5894

(КІэлъыкІуэр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.)

Дыззщ1ыгъуу дылажьэмэ, фІэкІыпІэ имы1эу ехъу1ІэныгъэхэР къэтхьынущ

Унагъуэхэм ядэлэпкъымкІэ мы-хьэнэ ин зиІэ унэтІынигъэхэм ящыщу Президентым Федеральэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщигъэльэгъуащ курыт щІэныгъэ зрагъэгъуэтынымкІэ школакІуэ псоми зэхуэдэ Іэмалхэр къахуэзгъэпэщыныр. Иджыпсту дэ къытпэщыт Іуэху нэхъ гугуфхэм ящыщщ зи ныбжьыр мазитІым щегъэжьауэ илъэсищым нэс итхэр яслъэ Іуэхущ1апІэхэмкІэ къызэгъэпэщыныр. Нэгъабэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэу сабий 940-рэ зэкІуэлІэнуэр къызэІуахауд. 2021 гъэм и кІуэхым нэсыху дэ аргуэру сабий 2000-м папщІэ апхуэдэ Іуэхущ1апІэхэр тщІын хуейщ. Правительствэм хэзгъэхуэ а Іуэхум хэхауэ кІэлъыплъынуу, ухуэныгъэхэр зэрекІуэкІыр, ахэр къызэрыгэлІуахыр ягъэувэ пІалъэхэм къыщыкІэрыху къимыгъэхъуну.

Нэхъыщхьэ дыдэращи, республикэм дэ щыгъэтедгъэувэн хуейщ сабий зэрыс унагъуэхэм ядэлэпкъымкІэ тэмэму лажьэ, абыхэм псэукІэ тэмэм къаХуэзгъэпэщащ системэ. Ар дэ ди къарум къыхьынущ.

Унагъуэм хабзэ нэхъыфІхэр хъума щохъу, абы сабийр щІыху нэгъэсауэ щагъасэ. Абы къыхэкІыу нэхъ жьыджэру хэІущІыу щІын хуейщ унагъуэр зэрызэрыІыгъ фІыгъуэ нэхъыщхьэхэр: лъагъуныгъэр, пщІэр, зэгурыІуэныгъэр, бынхэр гъэсэныкІэ жэуаплъныгъэр. Апхуэдэ хабзэхэр щІэблэхэм зэІэпахыу щытын хуейщ.

Унагъуэ быдэр, унагъуэ зэкъуэтыр дэ ди гушхуапІэщ, ди щІэгъэкъуэнщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэкІуэнур тэмэму щытынымкІэ шэсапІэщ.

Пщ1э зыхуэсщІ си лэжьэгъуэх!

Ди стратегие кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу сэ къыхэлъытэ къэкІуэнум, щІалэгъуалэм, дгъэджэныгъэм ятелъжьынэр. Ди щІалэгъуалэм зауэжьын папщІэ иджырей егъэджэныгъэм, абы щыщу фундаментальнэ щІэныгъэхэм, ІТ-технологиехэм, я лъабжьэ бы-дэ гъэтІылъын хуейщ икІи абы ипкъ иткІэ щІалэгъуалэр узынышэу, губгьатэу, хьэл-щэн дахэ яхэлъу щытынир къызэгъэпэщыпхъэщ.

Бюджетым и хэщІхэм ящыщу нэхъыбэ дыдэр, процент 30-м щІигъэр, егъэджэныгъэм и Іэнатіэм трагъэкІуадэ. Дызэрыт илъэсым къыриубыдэу щІэныгъэм яухынырэр, ефджакІуэ 500 зыщІэхуэ школ Шэджэм кьалэм, ефджакІуэ 250-м ятещІыхьа школ Солдатскэ станицэм къыщызэІуахынущ. Налшык кьалэм щІын щ1ахуащ икІи гъэ ефджъгъуэщІэм щ1ыщІэдзауэ лажьэу хуежьэнущ сабийуэ 1224-рэ зэкІуэлІэну школ щІэ. КъызэрызэгъэпэщамкІэ, ефджэныгъэм и лъэныкъуэкІэ иІэ Іэмалхэмкіэ ар ди щІынальэм и иджырей школ нэхъыфІ дыдэу щытынущ.

Ипэжьыпіэкіэ ар республикэм и дежкІэ гъуаэзу, щапхъэ зытрахыу увынущ. Дэ тхузэфІкІэ псори дізэжьын хуейщ илъэс гъунэгъуэм къриубыдэу Іэмал зэриІэкІэ ефджанІэ нэхъыбэ апхуэдэ стандартым пэгъунэгъу тщІын папщІэ.

Ауэ зэкІэ республикэм и курыт школхэм ящыщу процент 12-м сабийхэр иджыри сменитІу щоджэ. ЕтІуанэ сменэу школхэм макІуэ ефджакІуэ мини 10 хуэдиз. Курыт ефджапІэхэр щылажьэ унэхэр егъэджэныгъэр къызэгъэпэщыныкІэ иджырей мардэхэм нэгъэсауэ къикІыркъым. Иджыри щы-Іэщ лІэщІыгъуэ кІуам и кум ун рокетхэр ящІа икІи абыхэм тету яухуа унэхэр. Абыхэм хэсфащэ тыншыпІэхэр яІэкъым, «иджырей школ» жьыхэпІэнум хуэдэкъым, ефджапІэу 8-р кхъахэ дыдэ хъуащ, школ 148-рэ капитальнэу зэгъэпэщыжьын, 20-р нэрылъагъуу егъэфІэкІуэн хуейщ.

Абы къыхэкІыу Правительствэм и кьалэнщ курыт ефджапІэхэм я унэхэр зэгъэпэщыжьынымкІэ, къэгъэщІэрэщІыжьынымкІэ лажьыгъэхэр щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм ящІыгъуу зэкІэлъыкІуэу зэтриІэувэну.

Ауэ школыщІэ ухуэныкІэ ар зыхуеину Іэмэпсымэхэмкіэ кьызэгъэпэщыныкІэ Іуэхум и зэхуэдитІу аращ, адэкІэ Іэщ1агъэ нэс зиІэ педагогхэр кьыхэхьын хуейщ. Мы гъэм лажьэу хуежьащ «Къуажэ егъэджакІуэ» программэр. Школхэр, псом хуэмыдэу кьуажэхэм щ1ыхэр щІэныгъэ куу зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлэпкъмкІэ кьызэгъэпэщ1ыным хуэгъэзауэ я программэм кьыт Іэмалхэр нэсу кьэгъэсабэпын хуейщ. Мы Іуэхум хуэгъэзауэ дэІэпыкъуэгъу нэрылъагъу хьунущ классхэм я унафэщІхэм я улахуэм федеральнэ бюджетым и хьэкІкІэ сом мини 5 хущІагъуну унафэ кьызэращтар. Ауэ Правительствэм, муниципальнэ районхэмрэ кьалэн округхэмрэ я щІынальэ администрацэхэм гу лъатапхъэщ классхэм я унафэщІхэм иджыпсту республикэм щ1ыхущІагъу ахъшэри адэкІи яІэрыхьэн зэрыхуейм.

ЦІыхубэм я дежкІэ хэІэтыкІауэ мы-хьэнэшхуэ зиІэ Іэщ1агъэм зи зэфІэкІыр хуэзыгъэпсахэм я лэжьыгъэм хуэфащэ ахъшэ яІэрыхьэн хуейщ.

Иджырей егъэджакІуэхэр гъэхьэзырыныр, абыхэм я пщІэмрэ я зэфІэкІымрэ кьэІэтыныр щхьІэнтэу зэманым дэ нэхъыщхьэ дыдэу дызэгугъуэхэм ящыщу. Президентым кьызэриГъэувам тету, 2025 гъэм ирихьэлІэу Іэщ1агъэм хэгъэхъуэныкІэ системэм и лэжьыгъэм кьызэщІиубыдэн хуейщ педагогхэм я зэхуэдитІым нэхърэ мы-нэхъ мащІэ. А кьалэныр тэмэму икІи и пІалъэм кьриубыдэу дгъэзэщІыну щхьтпэщытщ.

Егъэджэныгъэм и Іэнатіэм и кьалэнхэм ящыщщ цІыхухэм щІэныгъэ зэрырагъэгъуэтым и фІагъыр къэІэтыныр. А Іуэхум хуэзэгъэпэщ1ын хуейщ. Ар программэм Іэмал ефджакІуэ системэм и Іыхьэ псори. А мурадым ипкъ иткІэ дэ нэхъ гупыпэтэхуэ дяпэкІэ хуэтщІыпхъэщ егъэджэныгъэмкІэ программэхэмрэ технологиехэмрэ зегъэужьыным.

Щ1алэгъуалэмрэ сабийхэмрэ я зэфІэкІым, зэхэщІыкІым зегъэужьын мурадкІэ дэтхэнэ зыми я акъылымрэ зэчиймрэ нэхъ къэщІин икІи абыхэм заужьынымкІэ Іэмалхэр зэтегъэувэн хуейщ. А Іуэхур нэсу гъэзэщІэныкІэ сэбэп хъуну дыщогугъ Налшык кьалэм къыщызэІуаха «Антарес» центрым. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр адэкІи едгъэкІуэкІын хуейщ.

Егъэджэныгъэм кьыгуэхыпІэ зимыІэ и Іыхьэщ гъэсэныгъэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и лъэныкъуэкІэ дэ дыкъыкІэроху. Педагогхэмрэ адэанэхэмрэ зэщІыгъуу зэгугъупхъащ гъэсэныгъэр егъэфІэкІуэныр, сабийхэр кьыдедгъэкІ хабзэхэм, пльапІэ нэхъыфІхэм щІэпІыкІынныр.

Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ кьадэкІуэу нобэ школым зэфІигъэкІын хуейщ сабийхэм Іэщ1агъэ яхуэхъунур кьыхьегъэныкІэ лэжьыгъэхэр. Рабочэ Іэщ1агъэхэм я пщІэр зэхэтэн, иджыпсту нэхъ щІэупщІэ зиІэ Іэщ1агъэхэр сабийхэм кьыхегъэхьынымкІэ щІыхьэмрэ бизнесымрэ я гулыпэр хуэзэнтІын мурадкІэ нэхъ нэгъэсауэ кьэгъэсэбэпыпхъэщ Іэщ1агъэмрэ щІэныгъэмкІэ чемпионат зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Апхуэдэу нэхъри зегъэубгъын хуейщ щІэныгъэ гуэдзэн еджакІуэхэм щагъэгъуэт системэм. «ДыгъафІэ кьалэ» творческэмкІэ сабий академием кьыщызэрагъэпэща «Кванториум» технопаркыр иджыпсту щ1ыщІэдзауэ утыку нэхъыщхьэщ школакІуэхэр инженер-конструктор, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хэшэныи и ІыныкъуэкІэ. Апхуэдэ утыкуэр, ресурс центрхэр, «зыужьыныгъэм и къежьанІэхэр» кьыщІэзэгъэпэщын хуейщ адрей кьалэхэмрэ район центрхэмрэ.

Мыбы и ІыныкъуэкІэ ди вузхэм мыихьэнэ хэха яІэщ. Щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджанІэ нэхъыщхьэхэмрэ экономикэм и Іэнатіэ нэхъ инхэм щ1ыІэ предприятэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхъри гъэбидапхъэщ. Правительствэм хуэгъэзауэ егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, производствэм я Іэнатіэхэм я зэпыщІэныгъэхэр зэпымыууэ гъэбыдэнымкІэ Іуэхуэхэр кьыхилъхьэну.

Иджыпсту егъэджэныгъэм и Іэнатіэ псоми я пІалъэпІэ нобэрей экономикэр зыщІэуупщІэхэм хуаунэтІын хуейщ. Дэ ди кьалэнщ студентхэм иджырей щІэныгъэ зрагъэгъуэтынымкІэ икІи щалъхуа республикэм я зэфІэкІыр кьыщагъэсэбэпынымкІэ зыхуеину Іэмалхэр зэтедгъэувэну.

Пщ1э зыхуэсщІ депутатхэ!

Узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и стратегие мурадыр цІыхум и гъащІэр нэхъ кІыхь щІынырщ. Иджыпсту республикэм исхэр иту илъэс 76,28-кІэ псоущ икІи ар иту иту Урысейм зэрыщыпсэум нэхърэ илъэсри 3-кІэ нэхъыбэщ. Абы къыхэкІыу быдэу си фІэщ мэхъу 2030 гъэм ирихьэлІэу ди цІыхухэм ику иту къагъащІэр илъэс 80-м нэгъэсынырэ дызыпІэльэщын Іуэхуу зэрыщытыр, уеблэмэ ар нэхъ пасэу кьызэрыдэхъулІэнр.

БлэкІа илъэсым кьалъхуагъащІу лІэкъэм я бжыгъэр дгъэмащІэн тхуэзэфІэкІащ. Ауэ щ1ыхьэкІи, республикэм и цІыхуу лІэкъэм я бжыгъэр 2019 гъэм процент 1,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ 2018 гъэм елъытауэ. Абы щхьэусыгъуэу хуэхъур лъыр зэрызекІуэм, лышъхьэ епха узыфэхэрщ, кьэхъукъащІэхэм зэкІуадэхэр зэрыкуэдырщ.

Узынщагъэр щ1ахьмэ Іуэхущ1апІэхэм я мыльку-техникэ зэфІэкІыр кьэІэтыным кьыдэкІуэу медицинэ дзэІэпыкъуныгъэ ягуэтынымкІэ псоми зэхуэдэ Іэмалхэр яІэныр, сымаджэм и узыр хэмыуужьыным щ1ыкІэ елэзэныр егъэфІэкІуэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ зыхуейм унагъуэрэ япэу зрихьэлІэ япэ дэІэпыкъуныгъэр щагъуэт Іэнатіэр зыхуей хуэзэу зэтеуухуэныгъэр. Бадзэуэгъуэм и 1-м щ1ыщІэдзауэ узынщагъэр хъумэн Іэнатіэм и япэ дэІэпыкъуныгъэр щагъуэт Іыхьэр кьэгъэщІэрэщІэныжьыкІэ федеральнэ программэм лэжьэн щІидзэнщ, абы мыпкъушхуэ кьыхуаупІыщІынущ. А программэм Іэмал кьыдитынущ зи гугъу тщІы Іэнатіэм илъэс куэд ІыандэрэщІ щІэзэрихьа гугъуехьхэр зэтегъэкІыныжькІэ.

Иужьрей илъэситхум федеральнэ щІыналъэ программэхэр дгъэзащІэкІэрэ кьуажэхэм зэщІыгъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1апІэ 57-рэ щаухуащ. Ауэ ар пэщІэдзэ кьудейуэ аращ. Иджыри ухуэныгъэ пщІы бжыгъэхэр зэдгъэпэщ1ыжьын, щІэуэ дуухэр хуейщ. Гупыпэтэ нэхъыбэ зыхуэщІын хуейр сабийхэм щІэзэз медицинэ Іуэхущ1апІэхэращ. А лэжьыгъэр Республикэ клиникэ сымаджэщым кьыщыщІэдзапхъэщ.

Медицинэ Іуэхущ1апІэ псори иджыпсту кьыщызэІуаха «Антарес» центрым. Апхуэдэ лэжьыгъэхэр адэкІи едгъэкІуэкІын хуейщ.

Егъэджэныгъэм кьыгуэхыпІэ зимыІэ и Іыхьэщ гъэсэныгъэр. Ди жагъуэ зэрыхъущи, абы и лъэныкъуэкІэ дэ дыкъыкІэроху. Педагогхэмрэ адэанэхэмрэ зэщІыгъуу зэгугъупхъащ гъэсэныгъэр егъэфІэкІуэныр, сабийхэр кьыдедгъэкІ хабзэхэм, пльапІэ нэхъыфІхэм щІэпІыкІынныр.

Егъэджэныгъэмрэ гъэсэныгъэмрэ кьадэкІуэу нобэ школым зэфІигъэкІын хуейщ сабийхэм Іэщ1агъэ яхуэхъунур кьыхегъэныкІэ лэжьыгъэхэр. Рабочэ Іэщ1агъэхэм я пщІэр зэтэн, иджыпсту нэхъ щІэупщІэ зиІэ Іэщ1агъэхэр сабийхэм кьыхегъэхьынымкІэ щІыхьэмрэ бизнесымрэ я гулыпэр хуэзэнтІын мурадкІэ нэхъ нэгъэсауэ кьэгъэсэбэпыпхъэщ Іэщ1агъэмрэ щІэныгъэмкІэ чемпионат зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэр.

Апхуэдэу нэхъри зегъэубгъын хуейщ щІэныгъэ гуэдзэн еджакІуэхэм щагъэгъуэт системэм. «ДыгъафІэ кьалэ» творческэмкІэ сабий академием кьыщызэрагъэпэща «Кванториум» технопаркыр иджыпсту щ1ыщІэдзауэ утыку нэхъыщхьэщ школакІуэхэр инженер-конструктор, къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэм хэшэныи и ІыныкъуэкІэ. Апхуэдэ утыкуэр, ресурс центрхэр, «зыужьыныгъэм и къежьанІэхэр» кьыщІэзэгъэпэщын хуейщ адрей кьалэхэмрэ район центрхэмрэ.

Мыбы и ІыныкъуэкІэ ди вузхэм мыихьэнэ хэха яІэщ. Щ1эныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт еджанІэ нэхъыщхьэхэмрэ экономикэм и Іэнатіэ нэхъ инхэм щ1ыІэ предприятэхэмрэ я зэпыщІэныгъэхэр нэхъри гъэбидапхъэщ. Правительствэм хуэгъэзауэ егъэджэныгъэм, щІэныгъэм, производствэм я Іэнатіэхэм я зэпыщІэныгъэхэр зэпымыууэ гъэбыдэнымкІэ Іуэхуэхэр кьыхилъхьэну.

Иджыпсту егъэджэныгъэм и Іэнатіэ псоми я пІалъэпІэ нобэрей экономикэр зыщІэуупщІэхэм хуаунэтІын хуейщ. Дэ ди кьалэнщ студентхэм иджырей щІэныгъэ зрагъэгъуэтынымкІэ икІи щалъхуа республикэм я зэфІэкІыр кьыщагъэсэбэпынымкІэ зыхуеину Іэмалхэр зэтедгъэувэну.

Пщ1э зыхуэсщІ депутатхэ!

Узынщагъэр хъумэнымкІэ Іэнатіэм и стратегие мурадыр цІыхум и гъащІэр нэхъ кІыхь щІынырщ. Иджыпсту республикэм исхэр иту илъэс 76,28-кІэ псоущ икІи ар иту иту Урысейм зэрыщыпсэум нэхърэ илъэсри 3-кІэ нэхъыбэщ. Абы къыхэкІыу быдэу си фІэщ мэхъу 2030 гъэм ирихьэлІэу ди цІыхухэм ику иту къагъащІэр илъэс 80-м нэгъэсынырэ дызыпІэльэщын Іуэхуу зэрыщытыр, уеблэмэ ар нэхъ пасэу кьызэрыдэхъулІэнр.

БлэкІа илъэсым кьалъхуагъащІу лІэкъэм я бжыгъэр дгъэмащІэн тхуэзэфІэкІащ. Ауэ щ1ыхьэкІи, республикэм и цІыхуу лІэкъэм я бжыгъэр 2019 гъэм процент 1,5-кІэ нэхъыбэ хъуащ 2018 гъэм елъытауэ. Абы щхьэусыгъуэу хуэхъур лъыр зэрызекІуэм, лышъхьэ епха узыфэхэрщ, кьэхъукъащІэхэм зэкІуадэхэр зэрыкуэдырщ.

Узынщагъэр щ1ахьмэ Іуэхущ1апІэхэм я мыльку-техникэ зэфІэкІыр кьэІэтыным кьыдэкІуэу медицинэ дзэІэпыкъуныгъэ ягуэтынымкІэ псоми зэхуэдэ Іэмалхэр яІэныр, сымаджэм и узыр хэмыуужьыным щ1ыкІэ елэзэныр егъэфІэкІуэн хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ нэхъыщхьэр дэтхэнэ зыхуейм унагъуэрэ япэу зрихьэлІэ япэ дэІэпыкъуныгъэр щагъуэт Іэнатіэр зыхуей хуэзэу зэтеуухуэныгъэр. Бадзэуэгъуэм и 1-м щ1ыщІэдзауэ узынщагъэр хъумэн Іэнатіэм и япэ дэІэпыкъуныгъэр щагъуэт Іыхьэр кьэгъэщІэрэщІэныжьыкІэ федеральнэ программэм лэжьэн щІидзэнщ, абы мыпкъушхуэ кьыхуаупІыщІынущ. А программэм Іэмал кьыдитынущ зи гугъу тщІы Іэнатіэм илъэс куэд ІыандэрэщІ щІэзэрихьа гугъуехьхэр зэтегъэкІыныжькІэ.

Иужьрей илъэситхум федеральнэ щІыналъэ программэхэр дгъэзащІэкІэрэ кьуажэхэм зэщІыгъэр щрагъэфІакІуэ Іуэхущ1апІэ 57-рэ щаухуащ. Ауэ ар пэщІэдзэ кьудейуэ аращ. Иджыри ухуэныгъэ пщІы бжыгъэхэр зэдгъэпэщ1ыжьын, щІэуэ дуухэр хуейщ. Гупыпэтэ нэхъыбэ зыхуэщІын хуейр сабийхэм щІэзэз медицинэ Іуэхущ1апІэхэращ. А лэжьыгъэр Республикэ клиникэ сымаджэщым кьыщыщІэдзапхъэщ.

Медицинэ Іуэхущ1апІэ псори иджырей Іэмэпсымэхэмэ интернеткІэ кьызэдгъэпэщ1ын, нэхъыщхьэращи, Іэщ1агъэлІхэр хуирикъуу дгъэкІуэн хуейщ. Правительствэмрэ щІыналъэ кьупЫкъущ1апІэхэмрэ, дохутырхэмрэ фельдшерхэмрэ псэупІэкІэ зэрадзэпІэпыкъун мыльку кьаугъуеитпхъэщ. Апхуэдэ кьалэнхэр УФ-м и Президентым и Зэрызыхуагъаззэм кьыщигъэльэгъащ, субъектхэм я пщэрылъхэр игъэбелджылащи, дэри Іэмал имыІэу дгъэзэщІэн хуейщ.

ДызыхуэкІуэ илъэсым еджапІэ нэхъыщхьэхэм медицинэ Іэщ1агъэхэм хуеджэн папщІэ зэрыщІэтІысхэз жьпхъэхэм захъуэжьынущ. Нэхъ дызыхущІэ Іэщ1агъэхэм («лечебное дело», «педиатрия») щ1ыхуагъаджэ кьудамэхэм бюджетым и Іэмалкіэ щІэтІысхэхм я бжыгъэр нэхъыбэ тщІынущ. Апхуэдэ хэкІыпІэр медицинэ Іэнатіэр Іэщ1агъэлІ нэсхэмкІэ кьызэдгъэпэщ1ыныкІэ сэбэп хъунущ, псом хуэмыдэу япэ дэІэпыкъуныгъэ щагъуэт Іуэхущ1апІэхэм дохутырхэр дгъэкІуэкІын хуейщ. Дэ дегугъун хуейщ медицинэм хуеджахэр абыхэм ящыщхуэныкъуэ Іуэхущ1апІэхэм гъэкІуэным. КъБР-м Узынщагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм Іуэхум и пІалъэр ищІэу долажьэ кьэралым и медицинэ еджакІуэ нэхъыщхьэхэм, псалъэм папщІэ нейрохирургием и Іыныкъуэкіэ. Дэ апхуэдэ Іуэхущ1апхъэм зедгъэужьу, адрей лъэныкъуэхэмкІи а Іэмалыр кьэдгъэсэбэпын хуейщ. Ди республикэм щ1ылажьэну дохутыр нэхъыфІ дыдэхэр гъэхьэзырыным кьарууэ диІэр етхъэлІэн хуейщ.

ЦІыхум и узынщагъэм кІэлъыплъын и лъэныкъуэкІэ нэхъыщхьэхэм ящ1ыщ диагностикэмрэ диспансеризацэмрэ. Зи кьаруилъыгъуэхэм уз кьемыуэлІэным гулъытэ хэха хуэтщІын хуейщ. Диспансеризацэр ауэ сытми гулъытэншэу блэбгъэжьі мыхъун Іуэхущ, ар зыхуей хуэзэу егъэкІуэкІыпхъэщ.

Мы Іуэхумкіэ жэуаллныгъэ зыхьыр Узынщагъэр хъумэнымкІэ министерствэм и закъуэкъым, ауэ Іуэхущ1апІэ псоми я унафэщІхэми я кьалэнщ абы кІэлъыплъынущ. Правительствэр телэжьын хуейщ онкологиемрэ паллиативнэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэмрэ. ГъащІэр кьызэпызыудынкІэ хуэну уз хэмрэ уз хьэлъэхэмрэ набдзэгубдзапІъэу хущытын хуейщ. Дэ ди кьалэнщ абы папщІэ Іэмал псори кьызэдгъэпэщ1ыну.

Медицинэ Іуэхущ1апІэхэмрэ щІыхуэхэмрэ хущхьэкІэ кьызэгъэпэщ1ынымкІэ Іуэхуэхэщ икІи Правительствэр зыхуэсакъын хуейхэм ящ1ыщ. Ар цІыхум и узынщагъэщ, уеблэмэ и гъащІэу кьыщІэкІынкІэ хъунущ. Нэхъыщхьэу дызэгугъупхъэр зыхуей хуэзэ медицинэ дэІэпыкъуныгъэ зэтеуІэнырщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щІыналъэ псоми ар нэхъысфынырщ. Узынщагъэр хъумэным и зы Іыхьэщ физкультурэмрэ спортымрэ. УзынщагъэмкІэ сэбэп апхуэдэ гъащІэ езыхькІ щ1ыхуэхэм я бжыгъэр 2024 гъэм процент 55-м нэсын хуейщ. Иджыпсту республикэм исхэм ящ1ыщ физкультурэмрэ спортымрэ дихьхэхэм я бжыгъэр процент 40-м нэблагъэу аращ.

ЦІыху нэхъыбэ спортым кьыхэтэн папщІэ спорт инфраструктурэр нэхъри едгъэфІакІуапхъэщ. БлэкІа илъэсым абы и лъэныкъуэкІэ тхузэфІэкІащ мащІэкъым. Физкультурэ-узынщагъэр щрагъэфІакІуэ комплексу тІу духуащ, спорт лІэужьыгъуэ куэд щебгъэкІуэкІ хъуну щ1ыпІэу 9 дгъэхьэзыращ, Олимп резервымкІэ спорт школитІр зыхуейзыхуэфІхэмкІэ кьызэдгъэпэщащ, анхуэдэуи Іуэхущ1апІэ 42-рэ зыхуей хуэдгъэзащ. Бэкъуну илъэсхэм а Іыныкъуэмкіэ иджыри дылэжьэнущ.

Кьапщтэмэ, сыт хуэдэ кьуажэми, кьалэми дэс цІыхухэр физкультурэмрэ спортымкІэ зыщагъэсэн щ1ыпІэ яІэн хуейщ. Апхуэдэуи щІыналъэхэмрэ кьалэхэмрэ сыткІи зэгъэпэща псыгъэн зыриз яІэн хуейщ. КъБР-м Спортымкіэ, Узынщагъэр хъумэнымкІэ, ЦІыхухэр егъэджэнымкІэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэхэмкіэ и министерствэхэмрэ щІыналъэ администрацэхэмрэ зэгъэужьу кьуажэдэсхэр, кьалэдэсхэр спортымрэ физкультурэмрэ кьраралІэн хуейщ.

ЕхьулІэныгъэшхуэхэр зиІэ спортым зедгъэужьынхъэщ, республикэ спорт зэхьэзэхуэхэр кьызэгъэпэщ1ынымкІэ хухах ахъшэр нэхъыбэ щІын хуейщ, урысейпсо, дунейпсо зэхьэзэхуэхэм хэт ди спортсменхэр нэхъыфІыжу гъэхьэзырын хуейщ.

Пщ1э зыхуэсщІ депутатхэ!

Унагъуэр хуэщІауэ псэун папщІэ зыхуей хуэзэ псэуалъэ иІэныр Іэмал зимыІэщ. Унагъуэхэм уиэ къащдэхунэр, псэупІэкІэ кьызэгъэпэщ1ынымкІэ гугъуехьу кьонож иджыри. А Іуэхур нэхъ тІыпш зэращІын Іэмалхэр кьагупсысын хуейщ. Правительствэмрэ щІыналъэ кьупЫкъущ1апІэхэмрэ. Іуэхур нэхъ тІыпш зыщІынухэм ящ1ыщ фейдэ зыхэлъ ипотекэр, бэджэнд уасэр гъэмэщІэныр, экономклассым хиубыдэ уэнхэр ухуэныр.

Нэгъабэ ди республикэм хъарзынэу, уеблэмэ кьытхуагъуэва пІалъэм ипэ кьихуэу дгъэзэщІащ кхъаэх хъуа унэхэм цІыхухэр къыщІэзэпхъуэкІыным теууа программэр. Абы Іэмал кьыдитащ щІыналъэ программэр нэхъ псынщІэу дгъэзэщІэнымкІэ. Программэм химыубыда унэхэми цІыхухэр кьыщІэгъэІэпхъуэкІыным ЖКХ Іэнатіэр кьэгъэщІэрэщІэнымкІэ дэІэпыкъуэгъу хуэ фондым зегурыІуэныгъэ етщІылІащ. А Фондым етщІылІа зегурыІуэныгъэм ипкъ иткІэ, кхъаэх хъуа унэхэм щІэсхэр гъэпэхъуэным теуухуа программэр 2022 гъэм дыгъэгъаэхэм и 31-м зэфІэгъэкІын хуейщ. А зэманым кьриубыдэу уиэ кхъаэху 58-м цІыху миным нэблагъэ кьыщІэдгъэІэпхъуКІынущ. **Ар мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхущ, абы кьыхэкІыу программэр и кІэм нэсу дгъэзэщІэн хуейщ.**

Псом нэхъыщхьэу ди пащхьэ кьитхэм ящ1ыщ цІыхухэм гугъуехьшІэу псы яГъэуту зэтеуухуэныр. БлэкІа илъэсым «Чистая вода» щІынальэ проектым и фІыгъэкІэ псы зэрыжэ бжьамий километри 7 зэтхъуэкІащ. Мы гъэми 2019 - 2024 гъэхэм псы кьызэрыкІуэм и фІагъым зегъэужьыныкІэ зэхэтІыхьа щІынальэ программэм делажьнущ. Абы тедгъэкІуэдэнущ сом меларди 2,3-рэ. Ди кьалэнщр республикэм ис псоми махуэ къэс псы яГъэуту 2024 гъэ пщІондэ зэтедгъэуэнырщ.

А Іуэхур куэдым я гугъуехьщ, цІыху куэдым зыкъыпхуагъазэ. **Абы кьыхэкІыу ди пщІэр тІыгъыжьыну дыхуеймэ, зэфІэдгъэкІыпхъэщ.** Апхуэдэуи псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэми куэд щІыззтрихьащ. Ар коммунальнэ инфраструктурэрэзгъэпэщ1ынырщ, щІэхэр уухуэнырщ. Щэч хэмыІуу абы мылъкушхуэ текІуэдэнущ. Ауэ дыкъикІуэт хъунукъым. Абы текІуэдэну ахъшэр Правительствэм къиугъуеин хуейщ.

БлэкІа илъэсым пщІантІэу 145-рэ, общественнэ щ1ыпІэу 28-рэ зыхуей хуагъэзащ. Иджыри а Іуэхум пытщ-нущ. Дызэрыт илъэсым щ1ыпІэ 39-м пщІантІи 124-рэ общественнэ утыкуэ 33-рэ зыхуей хуагъэзэнущ. Щ1ынальэ администрацэхэм я Іэтащхьэхэм гу лъеэгъэтэну сыхуейщ мы Іуэхумкіэ федеральнэ программэхэм нэхъ жьджэру хэтыну. Абыкіэ щапхъэфІ егъэпагъуэ Бахъсэн кьалэ округым. Ар Проект нэхъыфІымкІэ урысейпсо зэпеуэм щ1ытекІуэри, сом мелуан 85-рэ хъу грант кьихьащ, кьалэ паркым зригъэужьын папщІэ.

Кьытпэщытхэм ящ1ыщ экологиер кьызэгъэпэщ1ынри. Дыкъзэ1ыхъуреиих дунейр хъума хъунымкІэ, хьэуар кьабзэу щ1ытынымкІэ, кІэрыхубжьэрыхуэм кьапщІэхуэм деж щрамыкІутынымкІэ длажьэн хуей псоми ижь дитыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, пхъэнкІийм теуухуа реформэм гугъуехь куэд пыщІащ. Абы папщІэ кьыхах ахъшэм, регоператорым и лэжьыгъэм щ1ыугъэ зыкъом хэлъу кьыщІэкІащ. Абы кьыхэкІыу ди щ1ыхуэхэм я мы-арэзынныгъэ куэд кьэдлэжьащ. Пэжщ, кьызгуроІуэ, ди республикэм и закъуэкъым апхуэдэ лъэпопхъэпохэм пэщІэхуар. Ауэ, дауэ мыхъуами, икІыщІэкІэ хэкІыпІэхэр кьэдгъэуту ди уэрамхэмрэ пщІантІэхэмрэ кьабзэ тщІын, кІэрыхубжьэрыхуэхэм делажьын хуейщ. Правительствэм зыхузогъазэ жэуаллныгъэ ин хэлъу мы Іуэхум бгъдыхьэну. **Дэ ди кьалэнщ кьыдэкІуэтей щІэблэм экологие и лъэныкъуэкІэ зыхуей хуэзэ республикэ кьаухуэщІ зыныгъэ.**

Пщ1э зыхуэсщІ си лэжьэгъуэх!

Социальнэ политикэм и гугъу щытщІкІэ, щэнхабзэм зегъэужьыныгъэ зыІыхьэшхуэу кьоув. 2019 гъэм «Щэнхабзэ» лъэпкъ проектыр дгъэзащІэкІэрэ Щэнхабзэмкіэ унэу 4 духуащ, тІу зэдгъэпэщ1ыжащ, музеитІ кьызэІутхащ, библиотекэу 13-м я тхьилъ фондыр кьэдгъэщІэрэщІащ, театрхэм папщІэ микроавтобусищ кьэтщхуащ, автоклубу 8 кьуажэхэм дгъэкІуащ. Мы гъэм ди мурадщ Нартан кьуажэм щ1аухуэ Щэнхабзэмкіэ унэр и кІэм нэдгъэсыну, жьыли 8-м дэт унэхэр зыхуей хуэдгъэзэжьыну, гъэзэджэмкІэ сабий школищыпмэ Ныбжьыщ1э театрымрэ я мылъку-техникэ лъабжьэр зэІузэпэщ тщІыну.

УФ-м и Президентым и дэІэпыкъуныгъэкІэ Налшык кьалэ дэт Театрхэм я уардэунэр и кІэм зэрынэдгъэсын сом мелуан 758,6-рэ федеральнэ бюджетым тхухихащ. Ар 2021 гъэм духьн хуейщ. А Уардэунэр театрыр фІыуэ зыпхъащ, гъэзэджэм дихьах дэтхэнэ зым дежкІи зыхуэдэ щымыІэ зы-гъэпсэхупІэ хъун хуейщ. **Ар и чэзум дымухыну хуитныгъэ диІэкъым.**

Дяпэкіэ щэнхабзэм и мыхьэнэр нэхъри кьэтІэтын хуейщ ди цІыхубэм и псэкупсэ кьулеягъым зедгъэубгъун папщІэ, ар, дауи, и сэбэпщ лъэпкъ хъуГъуэфІыгъуэхэмрэ тхыдэ щІэныгъэмрэ хъума хъуным.

Пльэпхъабзэр, щэнхабзэр хъумэныр, абыхэм зегъэужьыныр Іэмал зимыІэщ. ДыкъыкІэрыху хъунукъым Гъэзэджэмрэ щэнхабзэмкІэ дуней псом щ1ызыІэрагъэхьэ лъэгапІэхэм, ди республикэм исхэм щэнхабзэм и беягъ псори кьахуэзгъэпэщ1ынхъэщ.

КьэхъэзгъэщІыну сыхуейщ а мурад псори здгъэхъуІэн папщІэ, щІэныгъэ зыбгъэдэлъ Іэщ1агъэлІ Іэзэхэр диІэн зэрыхуейр. Мы Іэнатіэм щ1ыпхъэн хуейр унафэщІ гумызагъэхэм я закъуэхъым, атІэ гурэ псэкІэ Іуэхум бгъэдэт щ1ыпІэ Іуэхум хуейщ.

Гугъуехьхэр жьыджэру дгъэзэкІуэжын, щэнхабзэм и Іныкъуэкі

Дызэщыгъуу дылажьэмэ, фІэкІыпІэ имыІэу ехъулІэныгъэхэр къэтхьынущ

(КІэухыр. Пэщ1эдзэр 1, 2-нап. итц.)

Блэкіа илъэсым, ялэкіэ зэи къэмыхъууэ, республикэ бюджетым и ахъшэу сом мелуан 250-м нэблагъэ трагъэкІуэдащ муниципальнэ гъэсэу фондэхэм ядэІэпыкъуным икІи а ахъшэмкІэ щІыпІэ мыхьэнэ зиІэ автомобиль гъэсэу километр 43-м зыхуэфащэ Іажьыгъэхэр щрагъэкІуэкІащ. Мыпхуэдэ дэІэпыкъугъэхэр дэ адэкІи кІыхьэдгъэпэщынущ икІи абы хиубыдэ ахъшэм хэдгъахъуэ зэпыту едгъэкІуэкІынущ.

Цыхухэм я псэукІэр егъэфІэкІуэным пыщІа Іухэущ транспортым и Іэхэхухэбзэхэр щынагъэпхуэу икІи фІагъ нэс яІэу кІыхьэгъэпэщынщ. Зэман кІэщІым кІуибыдэу дэ къытпэщытщ иджырей стандартхэмрэ мардэхэмрэ езэгъ маршрутхэр зэщыІэ щыналъэ ди республикэр тщІыну.

Транспортым и Іъныкъуэкіэ республикэм и дежкІэ нэхъыщхьэ дыдэр автомобиль транспортырщ. Мы Іэнатіэм адэкІи зыщегъэубгъын хуейщ цыхухэм Іухэхутхэбзэ зэрыхуащІэр егъэфІэкІуэным хуэунэтІа зэпеуэм, сыту мыІэпІэмэ ар сэбэп мэхъу пассажир транспортыр къэгъэщІэрэщІэжьынымкІэ, цыхухэм, псом хуэмыдэу ныкъуэдыкъуагъэ зиІэхэм, транспортым и Іэнатіэм тыншыпІэхэр къащыхузэгъэпэщынымкІэ.

Зэман гъэнэгу дыдэм къыптэщыт Іэху нэхъыщхьэ «Ищъэрэ», «Ищ» автоекзаЛитыр къызэІуихынырщ. Абы папщІэ быдэу егупсысын хуейщ транспортымкІэ логистикэм, маршрутхэм, Іэхуущіапіэщіэкэр лажьэу зэрыхуежьар гъэгугъэм щызэкІуэнымкІэ зэран зэрымыхъунымкІэ, нэхъыщхьэ дыдэращи, цыхухэм я тынышпІэхэр тэмэму зэтегъэуэвным.

Илъэс къэкІуэнухэм къэув Іэху нэхъыщхьэхэм ящыщщ туризмэм и Іэнатіэм зэкІэлъыкІуэу зегъэужьынымкІэ, абы экономикэм фейдэуэ иритым хэгъэуэныр. Нэгьабэ ди дежи цІыху мин 600-м нэблагъэм зыщагъэпсэхуащ. Абыхэм хуащІа Іэхэтхъбзэхэр сом меларди 5-рэ мелуан 580-рэ и уасэ мэхъу.

Апхэдэу щыт пэтми, туризмэм и Іэнатіэм щыІэ хэкІыпІэхэр ауэ жыжьэуи къэгъэсэбэпа хъуакъым. Республикэм туризмэм и пІэныкъуэкІэ иІэ зэфІэкІкІэр хэІущІыкІу щыІнымкІэ, урысей, нэгъуэщІ къэрал туристхэр къежьэлІэнымкІэ ІэмалышІэхэр къэпхъухъэн икІи абы папщІэ цІыхубз хъыбарегъащІэ Іэхэущіапіэхэр зыубгъуэу къэгъэсэбэпын хуейщ.

Правительствэмрэ щІыналъэ администрацэхэмрэ зэщІыгъуу псом япэу гулыитэ хуащІын хуейщ туризмэм и щІыналъэ нэхъыщхьэхэм, цІыхухэм я узынщагъэр щрагъэфІакІуэ щІыпІэхэм зегъэужьынымкІэ концепцэхэр, дизайнэ щІыпІэхэмрэ щІыналъэхэмрэ ухуэныгъэхэр щегъэкІуэкІынымкІэ планхэр, туризмэм и Іэхуущіапіэхэр хэгъэушынымрэ туризмэм пыщІа бизнесым зегъэужьынымрэ ехьэлІа Іэхуэхэр зэрызэхалъхьэм хуэфащэр гулъытэ хуащІынущ.

Илъэс куэд ІыьандэрэІ «Налшык» курортыр зэтегъэуэвжьынымкІэ хэкІыпІэхэмрэ Іэмалхэмрэ къалъхьуэу. Правительствэм и щІыналъэ курортым зегъэужьынымкІэ лэжьыгъэхэр нэхъ тэмэму дэзыгъэкІын план убзыуэ игъэхъэзыру къыхилъхьэну.

ПщІэ зыхуэсщІ депутатхэ!

Къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэуващ инвестицэ лъэхъэнэщІэ егъэжьэнымкІэ къалэн пыухыкІа. Инвестицэхэм зэрыхэхъуэ псынщІагъым и лъэныкъуэкІэ ди Іуэхуэ Іей зэрыжьам. Ауэ нобэм ирихьэлІэу республикэм иджыри зы Іэхуущіапіи щылэжьым инвесторыр екІуалІэу зэман кІэщІым и Іуэхуэр щыдигъэкІыну икІи проектыр гъэзэщІэным псынщІэу щІидзэнымкІэ сэбэп къыхуэхъуфынУ. АІуэхум быдэу егупсысын хуейщ. Правительствэр, властым и муниципальнэ органхэр.

Инвестицэ лэжьыгъэм папщІэ Іэмал тэмэмхэр къызэгъэпэщынымкІэ хуэунэтІауэ ди законодательствэр адэкІи егъэфІэкІуэн, инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэнымкІэ сэбэп хъуну ІэмалышІэхэр зэхэлъхьэн икІи къэгъэсэбэпын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъугъэшхуэу уВынущ инвестицэ налогхэм япкъ иткІэ щІыналъэхэм яфІэкІуэд хэхъуэхэм я Іыхьэ пщІанитІыр федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ яхэупщыныжьынымкІэ теухуауэ къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэльэгъуар. Инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэным и ІъныкъуэкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэн, зэрыщыту къэхурымэт зегъэужьынымкІэ, щІыналъэ щІыпІэ грантхэр, инвестицэ займхэр адэкІи зэрыщыІэнум къыщыдмынэу, абыхэм хагъахьуэ.

Республикэм и экономикэм зегъэужьжьынымкІэ Іэмал лъэщ хъун хуейщ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ технологиекэр зэтегъэуэвэнр, сыту жыпІэмэ абыхэм къэралъ, жыларгъэ, экономикэ зыужьынымкІэм и Іэнатіэ псоми хэкІыпІэщІэхэр къыщыдзэІуах. А лэжьыгъэр Іуэху пыухыкІахэр зэгъэхъуІэным, бжьыгъэхэр зи лъабжьэ технологиекэм цІыхухэр щыгъуазэ щІыным, а Іуэхуэр егъэджэнымкІэмкІэ системэм хэгъэхьэным зэхуэдитІыу щыпхъухьэ. Бжьыгъэр зи лъабжьэ технологиекэр къэралуправленэм, цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІынымкІэ Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэпын икІи абы и хьэкъкІэ цІыхухэмрэ щІыналъэ щІыпІэхэм я Іуэхуэр нэхъ тэмэму зэрыдгэсІкІынымкІэ зэкІэлъыкІуэ.

Лэжьыгъэм а и унэтІынымкІэм республикэм и къэкІуэным и дежкІэ мыхьэнэ хэха зэриІэр къэплъытэмэ, мы Іуэхум пыщІа министерствэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным теухуауэ унафэр хуейщ. Ар адэкІи сэбэпынагъ нэх къиухьу лэжьэну дыщогугъ.

Илъэс кІуам макроэкономикэ зыужьыныгъэ тэмэм зэрыщыІам и сэбэпкІэ, дэ тхузэфІэкІащ бюджет Іэнатіэм и зэпІэзэрытыныгъэр къыщыхъуэжьащ. Ауэ нэмыщІ, абы налогхэм химыубыдэ ахъшэжьм хэдгъэхъуэн. 2018 гъэм елъытауэ республикэ бюджетым и хэхъуэр процентитІ 115,6-м нэсащ.

ДызыхуэкІуэ илъэсхэм ятещІыхьа бюджетым щеліэжькІэ Іэмал имыІэу къэпльытэн хуейщ хэщІэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынхъэу, щыІэхуэхэмкІэ политикэм и унэтІынымкІэ нэхъыщхьэхэм ялкъ иткІэ къагъэсэбэпыну ахъшэр зэпэпльытауэ щыт зэрыхуейр. Къэрал щІыхуэр экономикэм щынагъуэ къыгъэныкІыжьхъэ бжьыгъэхэм фІэмыкІыу зэтеІыгъапхъэщ. А Іуэхум хуэгъэзауэ зэкІэлъыкІуэу лэжьэну Правительствэм къыпэщыщІыщ.

Бюджетым и ахъшэр зэгъэзэхуауэ къагъэсэбэпынымкІэ технологиекэр нэхъ жьыдэхэу щІигъэкъуэн къащІын, жылагъуэ финансхэр зэрызэрахъэр нэхъ зэІухуауэ икІи гурыІуэгъуэу ираГъэкІуэкІын, къэралымрэ муниципалитетхэм зыхуейхэм папщІэ щІэхуэным хиубыдэу коррупцэм зэрыпэщІэт Іэмэпсымэхэр нэхъ нэгъэсауэ къагъэсэбэпын хуейщ.

Дызэрыт илъэсми абы къыкІэлъыкІуэ Іэхэмэ щІэгъэхуабжьэн хуейщ къэрал мылъкыр тэмэму зехьэныкІэ, мэкъумэш хозяйствэм и Іэнатіэм кІыщагъэсэбэп щІыхэм къат хъерым хэгъэхъуэныкІэ лэжьыгъэхэр. Апхэдэ Іуэхухэм яІыкІ иткІэ дэ ди къалэнщ республикэ бюджетым къыІэрыхьэ ахъшэр хуэдэ зыбжанэкІэ нэхъыбэ щІыну.

2020 гъэм тещІыхьауэ бюджет купщІафІэ зэхалъхьащ. 2019 гъэм елъытауэ республикэм и бюджет зэгуэтыр сом меларди 3,3-кІэ нэхъыбэ хъуи, ауэ ар сом мелард 44,5-м нэсыж хуейщ.

Ар къалэн гуГъущ, ауэ дызыпэлъэщынщ. **Правительствэм щыкъэпльытэ и къалэнщ дыубзыхуа апхуэдэ мурадыр гъэзэщІэныр.**

ПщІэ зыхуэсщІ си лэжьэгъухэ!

Къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэуващ инвестицэ лъэхъэнэщІэ егъэжьэнымкІэ къалэн пыухыкІа. Инвестицэхэм зэрыхэхъуэ псынщІагъым и лъэныкъуэкІэ ди Іуэхуэр Іей зэрыжьам. Ауэ нобэм ирихьэлІэу республикэм иджыри зы Іуэхущіапіи щылэжьым инвесторыр екІуалІэу зэман кІэщІым и Іуэхуэр щыдигъэкІыну икІи проектыр гъэзэщІэным псынщІэу щІидзэнымкІэ сэбэп къыхуэхъуфынУ. АІуэхум быдэу егупсысын хуейщ. Правительствэр, властым и муниципальнэ органхэр.

Инвестицэ лэжьыгъэм папщІэ Іэмал тэмэмхэр къызэгъэпэщынымкІэ хуэунэтІауэ ди законодательствэр адэкІи егъэфІэкІуэн, инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэнымкІэ сэбэп хъуну ІэмалышІэхэр зэхэлъхьэн икІи къэгъэсэбэпын хуейщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэІэпыкъугъэшхуэу уВынущ инвестицэ налогхэм япкъ иткІэ щІыналъэхэм яфІэкІуэд хэхъуэхэм я Іыхьэ пщІанитІыр федеральнэ бюджетым и хьэкъкІэ яхэупщыныжьынымкІэ теухуауэ къэралым и Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къыщыгъэльэгъуар. Инвестицэхэр къызэщІэгъэуІуэным и ІъныкъуэкІэ щыІэ Іэмалхэр егъэфІэкІуэн, зэрыщыту къэхурымэт зегъэужьынымкІэ, щІыналъэ щІыпІэ грантхэр, инвестицэ займхэр адэкІи зэрыщыІэнум къыщыдмынэу, абыхэм хагъахьуэ.

Республикэм и экономикэм зегъэужьжьынымкІэ Іэмал лъэщ хъун хуейщ бжьыгъэхэр зи лъабжьэ технологиекэр зэтегъэуэвэнр, сыту жыпІэмэ абыхэм къэралъ, жылагъуэ, экономикэ зыужьжьынымкІэм и Іэнатіэ псоми хэкІыпІэщІэхэр къыщыдзэІуах. А лэжьыгъэр Іуэху пыухыкІахэр зэгъэхъуІэным, бжьыгъэхэр зи лъабжьэ технологиекэм цІыхухэр щыгъуазэ щІыным, а Іуэхуэр егъэджэнымкІэмкІэ системэм хэгъэхьэным зэкІэлъыкІуэ. Бжьыгъэр зи лъабжьэ технологиекэр къэралуправленэм, цІыхухэм къэрал, муниципальнэ Іуэхутхьэбзэхэр яхуэщІынымкІэ Іэнатіэхэм къыщагъэсэбэпын икІи абы и хьэкъкІэ цІыхухэмрэ щІыналъэ щІыпІэхэм я Іуэхуэр нэхъ тэмэму зэрыдгэсІкІынымкІэ зэкІэлъыкІуэ.

Лэжьыгъэм а и унэтІынымкІэм республикэм и къэкІуэным и дежкІэ мыхьэнэ хэха зэриІэр къэплъытэмэ, мы Іуэхум пыщІа министерствэ щхьэхуэ къызэгъэпэщыным теухуауэ унафэр хуейщ. Ар адэкІи сэбэпынагъ нэх къиухьу лэжьэну дыщогугъ.

Илъэс кІуам макроэкономикэ зыужьныгъэ тэмэм зэрыщыІам и сэбэпкІэ, дэ тхузэфІэкІащ бюджет Іэнатіэм и зэпІэзэрытыныгъэр къыщыхъуэжьащ. Ауэ нэмыщІ, абы налогхэм химыубыдэ ахъшэжьм хэдгъэхъуэн. 2018 гъэм елъытауэ республикэ бюджетым и хэхъуэр процентитІ 115,6-м нэсащ.

ДызыхуэкІуэ илъэсхэм ятещІыхьа бюджетым щеліэжькІэ Іэмал имыІэу къэпльытэн хуейщ хэщІэр нэхъ зэгъэзэхуауэ къэгъэсэбэпынхъэу, щыІэхуэхэмкІэ политикэм и унэтІынымкІэ нэхъыщхьэхэм ялкъ иткІэ къагъэсэбэпыну ахъшэр зэпэпльытауэ щыт зэрыхуейр. Къэрал щІыхуэр экономикэм щынагъуэ къыгъэныкІыжьхъэ бжьыгъэхэм фІэмыкІыу зэтеІыгъапхъэщ. А Іуэхум цІыхубзыгъуэ дедэжьн, ди щІэныгъэмрэ зэфІэкІымрэ хэдгъэхъуэн хуейщ.

КъЬР-м и Правительствэм, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм зэтрагъэувэн хуейщ къэрал, муниципальнэ къулыкъущхэр гъэхъэзырыныкІэ, абыхэм я щІэныгъэм хэгъэхъуэныныкІэ системэ убзыхуэ. Абы хиубыдэу иджырей технологиекэр, Іуэхум и бгъадыхьэкІэщІэхэр егъэджьпхъэщ икІи егъэджэныгъэм къыриІуахэр кІэуэху къапщытэжу щытын хуейщ.

Къэрал, муниципальнэ къулыкъу зыІыгъ дзэкІэ зыми и къалэнщ цІыхухэм япыщІауэ, сыт хуэдэ Іуэху гугъуми тепсэльыхьыфу, екІуэкІ къэхъукъащІэхэри абыхэм ягуригъэуэфу щытыну. Республикэм и Іэщ1эм къыщыхъу зэхъуэкІыныгъэхэр тэмэму дэ цІыхубэм ягурыдмыгъэІуэнэ, ар мыхьэнэщхъуэ зиІэ жьфІэдзэ зэрыхэлъым хуэдэу зыгъэзэхъыбарынухэр къыкъуэкІынущ.

Апхуэдэ зэманым нэхъри нэхъ лъагэ мэхъу информацэр хэІущІыу щынымкІэ цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущіапіэхэм я жэуапльныгъэр, апхуэдэу министерствэхэм, ведомствэхэм, муниципалитетхэм хъыбар мытэмэмэр щхьэзэпыудынымкІэ яхь жэуапльр.

Правительствэм, республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм я пщІэ иІэупхъэ абы и лъэныкъуэкІэ зыхуэфащэ Іуэхуэхэр зэфІэгъэкІынущ.

Президентым Федеральнэ Зэхуэсым Зэрызыхуигъэзам къэралым и къыззэгъэпэщыкІэ и унэтІынныгъэ щхьэхуэхэр зэхъуэкІыным икІи абы ипкъ иткІэ Урысейм и иджырей Конституцэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныным теухуауэ зи1э жэрдэмхэр щыубзыхуащ. Конституцэм халъхьэ зэхъуэкІыныгъэхэр мыгувэу хэІущІыну ящІынущ икІи абыхэм ятеухуауэ урысейпсо Іэіэт къызэрагъэпэщынущ. А зэхъуэкІныгъэхэр къащта нэужь дэ къытпэщытщ къэралым и Закон нэхъыщхьэм къыхалъхьа Іуэхуэхэм республикэм и хабзэ мардэхэр егъэзэгъэныжьыну.

Конституцэм халъхьэн папщІэ Президентым кІигъэлъэгъуа зэхъуэкІыныгъэхэм ятхьэ иткІэ щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ Іэнатіэм и полномочиехэм зрагъэубгъуну икІи абыхэм я къарум хагъахъуэну я мурадщ. Абы папщІэ властым и системэ зегъэутын и къызэгъэпэщыкІэ Конституцэм щыщІагъэбыдэну къэрал органхэмрэ властым и муниципальнэ органхэмрэ тэмэму зэдзэлажьэныкІэ зэкІэлІэкІэр яубзыхунущ.

Къэралым и Закон нэхъыщхьэм халъхьэ зэхъуэкІныгъэхэр къащта нэужь щІыпІэ унафэр зегъэкІуэнымкІэ Іэнатіэм зыужьныгъэщІэ зэрыгъэтынымк Іэ щытчыефынру къарууэ диІэр зэгъэуІуэну икІи дызэщІыгъуу дыщылъхуа Къэбэрдей-Балъкъэрым и фІыгъэм дытелажьэмэщ.

«Сыт къэхъуар?», - жысІэу сащыбгъэдыхьэм, Шэхьидэт и нэпсхэр сыпІейтейуэ, ди къэдгъэдохьэри, зэкІэлъегъэпІащІэ:

- Балъкъэрхэр дыдаш мыгъуэ, Мурадин!

- Ар захуагъэкъым, - жызоІэ, си макъыр Іэтауэ. - Сэлихь Дзэ Пльыжьым офицеру къулыкъу щещІэ!

Сэлэтхэм захуэзгъаззри соупщІ: «Зыгуэркъэ зэхэвмгъэзэрыхьауэ пІэрэ?» Модрейхэм си псальэр я тхьакІумэм ихьэрыым, «Дэ ди къалэн догъэзащІэ, зэран умыхъуу, зыІуелъэхь!» - къызжаІэ. Джаппуев Мустэфа и бынунэр щыдашем, емыкІу сыкъэвмыщІ, си нэпсхэр къысфІещІэжащ».

Мыгувэу Джаппуевхэ я унагъуэм и цІыкІэ лъэІу тхьилъ Сталиным хуагъэхьащ, Сэлихь лІыгъэ зэрихьэу зауэм зэрыщыІэр, орден пльапІэр къызэрихуагъэфэщащ, офицер цІэр зэригъэпэжьыр, абы и унагъуэр щыпІэ жьжьэм зэрагъэІуэр зэрыкъуаншагъэр иту. Лъэіу тхьилъыр жэуапынщэ хъуащ.

Балъкъэрхэр я хэкум зэрыщрагъэпсэуфынымкІэ, Мурадин къыІэрохьэ конституциутхэр, ПІейтейуэ кІэлъхьэта, зэпеІуэтыпщащ. Ар Шэхьидэт къызэриутыпщащ. Конвертыр зэтреудри, и цІыхугъэ хэтІ дахэкІэ тха тхьилъыпІэ напэщхуэм щІоджькІ.

Шэхьидэт къитхырІыгъуэм зэрашар, хъарзынэу зэрыпсэур, Фрунзе къалэм пэгъынэгъуу щыІэ совхозым, бжьахуц щалъэр къыщыкІуэм. ЗэфІимыгъэгъэщІэ хуэдэуэрэ, щІалэм къриІуэкІыр агроном кІэщхьщхьэ Огъуз къыкІэрыхьжьэу зэрыщІидзар, ауэ псэлъэхъу зэриІэри жриІэн хуей зэрыхъуар.

Мурадин и гум ежэлІащ а псальэхэр, хъыджжбзыр Іэщ1экІыпэнкІэ зэрыхъунур къыщиІэм, къэрэз мыгупсэсу, гъэгъунэ жьжьэм теуваш. Совхозым зэрынэсу, Мурадин лжьыгъэ къыхуагъуэтащ: шыгу зэщІэщІа къратри, совхозым и пщафІэхэм ирагъэбыдыІащ. Арат щІалэр зыхуеиххэр: щІэх-щІэхыурэ илъагъурт и Шэхьидэт.

Мазэ зыбжанэ нэхъ дэмыкІыу, Мурадин егъэджакІэр зэрыщІэжьащ къащІэри, совхозым къыщызэІуаха интернатыщІэм и унафэщІу ягъэуващ. ПсынщІэ дыдэуи Шэхьидэт а интернатым ГъэсакІуэу игъэуваш.

Хрущёв Никитэ и хьэмтетыгъуэ зэманыр къэсащ икІи залымыгъэкІэ зи лъахэр гъэзбгъащІ щыта лъэпкъэр хуит хъужащ. Зэгъусэу я адажь щІыналъэм къыхьажащ Щоджэн Мурадинрэ Джаппуевэ Шэхьидэтрэ. Я нэчхьыр ирагъэтхри, бгырыс лъэпкъэм зэрахабзэу, абыхэм хьэгъуэлІыгъэшхуэ хуащІащ.

Хэку зауэшхуэм хэта зауэлІ куэдым къыхуагъэфэщащ медалхэмрэ орденхэмрэ, Байсултанов А., Уммаев М. сымэ Совет Союзым и ЛІыхъужь хуащІ. Лъэпкъым и ныкъуэр фронтым щыІутым деж а лъэпкъыр фашистхэм ядэІэпыкъуауэ жыпІэу бгъэкъуэнэшэнкІ акъылынщагъэт.

Хэкур зэрабгынэ гъэугум балъкъэрхэм щафІэкІуэдащ мэжащІалІагъэм, щыІэм, уз зэрыщІалэхэм яхьа я Іыхьэ щаназ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и районипл - Шэрэдж, Хулам-Безенги, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ - нэщІ хъуащ. Псэкіи, узынщагъэкІи, мылъкукІи зэщІынщІэхуэу игъэтащ а лъэхъэнэм балъкъэр лъэпкъым. Унэхэр, лъапсэхэр, Іэщ1эр, джэдкъазэхэр, щыгъынхэр, унэлъащІэхэр - игъащІэ псокІэ зэхуахьэсахэр къэралым зэщІикъуащ. Жылэ 62-рэ ябгынащ абы щыгъуэ.

Зэрыщыту - къащтэмэ, лъэпкъым ираха лейм балъкъэрхэр къэралым и жыладгъуэ-политикэ, щэнхабзэ ГъащІэм хитхъыкІащ. НэгъуэщІипІэ яГъэпэпхъуахэм я литературэр, тхыдэр, бзэр зэрахъэныжьмкІэ, зрагъэжьынымкІэ Іэмал яІэжтэкъым. Театрхэр, творческэ гупхэр лэжьэжьртэкъым, щІэныгъэ лэжьыгъэри къэзывыІат, уеблэмэ я анэдэлъфэбзэкІэ зы тхылъи ящащагъэкІыну хуитыныгъэ яІэтэкъым. Абы и санкцэ хуедейм, къэрал унафэ къамыщтэ щыкІэ, хуит ищІат балъкъэрхэр залымыгъэкІэ ирагъэІэпэхъуакІэ. Автономиехэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, балъкъэрхэр Къыргызыстанымрэ Къэзахъстанымрэ ГъэІэпэхъуэным теухуауэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэр къыщыдэкІар 1944 гъэм мэлыхьыхьым и 8-рэ, Іэпкъыр хэкум ирашу зы мазэ дэкІа нэужькІэщ. А къэхъуГэ гуауэр щекІуэкІар балъкъэр минипщым щІигъу фронтым щыІута лъэхъэнэрщ, куэд Белоруссиемрэ Украинэмрэ я партизан отрядхэм щыхэтащ, Европэ псор фашистхэм щапэщІэтащ. Абыхэм ящыщ куэд Берлин нэсащ, зауэм хуагъэ щызэрахьащ, тылым щыІахэмэ лІыгъэ яхьлащ.

Мечиев Кязим

Кулиев Къайсын

Байсултанов Алим

Энеев Тимур

Балъкъэрхэр зыпсыхьа гущІэгъуншэ илъэсхэр

1944 ГЪЭМ и ГъатхэпэМ и 8-р балъкъэр лъэпкъым и махуэ мыгъэщ. А махуэм ЗыхъумэжьныгъэмкІэ къэрал комитетым и унафэкІэ балъкъэрхэр залымыгъэкІэ хэкум ирашри, Къэзахъстаным яшауэ щытащ. Апхуэдэ Іуэху гуауэр зэфІэгъэкІыным къыхашат генералитху, къэрал шынагъэншагъэм и комиссариті, цІыху мин 21-рэ зыхэт НКВД - НКГБ-м и гупшысэр. Ар зрауТІыпщар ягъэІэпхъуэ цІыху мин 38-рт, нэгъуэщІу жьпІэмэ, зы сэлэт е зы офицер цІыхубзитІым е сабиитІым хуэзэрт. А сэлэтхэм я нэхъыбэр хэтат къэрэшейхэр, къаІмыкъэр, шэшэнхэр, ингушхэр я щыдашри. Балъкъэрхэр я хэкум игъэкІи Іуэхур и пщэдэлъхьат генерал-майор Пияшев И., абы и къуэдзэт генерал-майор Пиящев И., щыІпІэ наркомхэу Бэиавэ К., Филатов С. сымэ, а псомэ я щхьэ зэкъуэтхьэжьу СССР-м и къэрал кІуэцІ ІэхъуэхэмкІэ и нарком Берие Лаврентийт.

Лъэхэр ирагъэбгынэрт лъэпкъым щыщ псоми - Хэку зауэшхуэм хэтахэми, ныкъуэдыкъуэхэми, адэанэхэми, фронтым Іутхэм я щхьэгъусэхэми, сабийхэми, депутатхэми. Абыхэм къащтэну хуит ящІыр гъуэмылэ тІэкІурэ Іэкіэ яхуэІыгъыну мылъкумрэт. Загъьхъэзырыну дакъикъэ 20 - 30 ирату арат.

Гъатхэпэм и 9-м Азие Курытымрэ Къэзахъстанымрэ ирагъэшат щІыху 37713-рэ, нэхъыбэр сабий, щІыхуб, лІыжьхъэрт. Къэралым и европей лъэныкъуэмкІэ ирашахэри хэтмэ, балъкъэр 38053-рэ я хэкум ирагъэІэпхъуІащ.

Кавказымрэ Кърымымрэ я щІыхъэр залымыгъэкІэ хэкум щІрагъэІэпхъуКІам щхьэусыгуэ хуэхъуар СССР-м и ипщэ лъэныкъуэм зауэ щагъэкІуэкІыным властым зыхуигъэхьэзырыпкІэ зэрыхъунырт. Хэку зауэшхуэм текІуэныгъэ я къыщихьмэ, Сталиным и мурадт тенджиз ФЫщІэ Іуфэм зэхъуэкІыныгъэхэр щригъэкІуэкІыну, 1921 гъэм Тыркум хуит хуищІа Армениемрэ Курджмрэ зыІэригъэхьэжьну. Абы ипкъ иткІэ, лъэпкъкІэ, динкІэ, бзэкІэ тыркуэм ягъэгунэгъу лъэпкъэр СССР-м и ипщэ лъэныкъуэмкІэ щысыныр федэтэкъым.

Балъкъэрхэр я хэкум ирагъэІэпхъуКІам щхьэусыгуэ хуэхъуам и пщІэ ящІыну. Лъэпкъым и ныкъуэр фронтым щыІутым деж а лъэпкъыр фашистхэм ядэІэпыкъуауэ жыпІэу бгъэкъуэнэшэнкІ акъылынщагъэт.

Хэкур зэрабгынэ гъэугум балъкъэрхэм щафІэкІуэдащ мэжащІалІагъэм, щыІэм, уз зэрыщІалэхэм яхьа я Іыхьэ щаназ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и районипл - Шэрэдж, Хулам-Безенги, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ - нэщІ хъуащ. Псэкіи, узынщагъэкІи, мылъкукІи зэщІынщІэхуэу игъэтащ а лъэхъэнэм балъкъэр лъэпкъым. Унэхэр, лъапсэхэр, Іэщ1эр, джэдкъазэхэр, щыгъынхэр, унэлъащІэхэр - игъащІэ псокІэ зэхуахьэсахэр къэралым зэщІикъуащ. Жылэ 62-рэ ябгынащ абы щыгъуэ.

Зэрыщыту - къащтэмэ, лъэпкъым ираха лейм балъкъэрхэр къэралым и жыладгъуэ-политикэ, щэнхабзэ ГъащІэм хитхъыкІащ. НэгъуэщІипІэ ягъэІэпхъуахэм я литературэр, тхыдэр, бзэр зэрахъэныжьмкІэ, зрагъэжьынымкІэ Іэмал яІэжтэкъым. Театрхэр, творческэ гупхэр лэжьэжьртэкъым, щІэныгъэ лэжьыгъэри къэзывыІат, уеблэмэ я анэдэлъфэбзэкІэ зы тхылъи ящащагъэкІыну хуитыныгъэ яІэтэкъым. Абы и санкцэ хуедейм, къэрал унафэ къамыщтэ щыкІэ, хуит ищІат балъкъэрхэр залымыгъэкІэ ирагъэІэпхъуКІам. Автономиехэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, балъкъэрхэр Къыргызыстанымрэ Къэзахъстанымрэ ГъэІэпхъуэным теухуауэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэр къыщыдэкІар 1944 гъэм мэлыхьыхьым и 8-рэ, Іэпкъыр хэкум ирашу зы мазэ дэкІа нэужькІэщ. А къэхъуГэ гуауэр щекІуэкІар балъкъэр минипщым щІигъу фронтым щыІута лъэхъэнэрщ, куэд Белоруссиемрэ Украинэмрэ я партизан отрядхэм щыхэтащ, Европэ псор фашистхэм щапэщІэтащ. Абыхэм ящыщ куэд Берлин нэсащ, зауэм хуагъэ щызэрахьащ, тылым щыІахэмэ лІыгъэ яхьлащ.

Хэку зауэшхуэм хэта зауэлІ куэдым къыхуагъэфэщащ медалхэмрэ орденхэмрэ, Байсултанов А., Уммаев М. сымэ Совет Союзым и ЛІыхъужь хуащІ. Лъэпкъым и ныкъуэр фронтым щыІутым деж а лъэпкъыр фашистхэм ядэІэпыкъуауэ жыпІэу бгъэкъуэнэшэнкІ акъылынщагъэт.

Хэкур зэрабгынэ гъэугум балъкъэрхэм щафІэкІуэдащ мэжащІалІагъэм, щыІэм, уз зэрыщІалэхэм яхьа я Іыхьэ щаназ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и районипл - Шэрэдж, Хулам-Безенги, Шэджэм, Іуащхьэмахуэ - нэщІ хъуащ. Псэкіи, узынщагъэкІи, мылъкукІи зэщІынщІэхуэу игъэтащ а лъэхъэнэм балъкъэр лъэпкъым. Унэхэр, лъапсэхэр, Іэщ1эр, джэдкъазэхэр, щыгъынхэр, унэлъащІэхэр - игъащІэ псокІэ зэхуахьэсахэр къэралым зэщІикъуащ. Жылэ 62-рэ ябгынащ абы щыгъуэ.

Зэрыщыту - къащтэмэ, лъэпкъым ираха лейм балъкъэрхэр къэралым и жыладгъуэ-политикэ, щэнхабзэ ГъащІэм хитхъыкІащ. НэгъуэщІипІэ ягъэІэпхъуахэм я литературэр, тхыдэр, бзэр зэрахъэныжьмкІэ, зрагъэжьынымкІэ Іэмал яІэжтэкъым. Театрхэр, творческэ гупхэр лэжьэжьртэкъым, щІэныгъэ лэжьыгъэри къэзывыІат, уеблэмэ я анэдэлъфэбзэкІэ зы тхылъи ящащагъэкІыну хуитыныгъэ яІэтэкъым. Абы и санкцэ хуедейм, къэрал унафэ къамыщтэ щыкІэ, хуит ищІат балъкъэрхэр залымыгъэкІэ ирагъэІэпхъуакІэ. Автономиехэр ягъэмэщІэн мурадкІэ, балъкъэрхэр Къыргызыстанымрэ Къэзахъстанымрэ ГъэІэпхъуэным теухуауэ СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и Президиумым и унафэр къыщыдэкІар 1944 гъэм мэлыхьыхьым и 8-рэ, Іэпкъыр хэкум ирашу зы мазэ дэкІа нэужькІэщ. А къэхъуГэ гуауэр щекІуэкІар балъкъэр минипщым щІигъу фронтым щыІута лъэхъэнэрщ, куэд Белоруссиемрэ Украинэмрэ я партизан отрядхэм щыхэтащ, Европэ псор фашистхэм щапэщІэтащ. Абыхэм ящыщ куэд Берлин нэсащ, зауэм хуагъэ щызэрахьащ, тылым щыІахэмэ лІыгъэ яхьлащ.

Балъкъэрхэр я щІыналъэм пІэщІэу щыпсэуа лъэхъэнэм яфІэкІуэдащ Іуэрі-Іуатэр мылъку щэнхабзэри. Къыщыпэмыщыщауэ, ВсешкІ. Гуащхьэмахуэ щІыпІэхэм джагъэхэм щхьэкІэ жэуап ятІэкІыну щІытар. Ауэ къуаншагъэ ябгъэдэмылъу кІуэдахэм ящыкъуагъэ щхьэкІэ къэнахэмрэ.

Лъэпкъым и егугъэныгъэмрэ къэрал политикэ убзыхуамрэ я фІыгъэкІэ илъэс бжьыгъэ куэд дэкІа нэужь зэтеувэжащ зэгуэрым гущІэгъуншэу зэтракъутауэ щытар. Ауэ къуаншагъэ ябгъэдэмылъу кІуэдахэм ящыкъуагъэ зэхъуэгъэзэжьмкІэ.

САБАНЧИЕВ Хьэжы-Мурат, *тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор.*

ЛъэІу жэуапыншэ

КИНО къагъэлъэгъуэ нэужь, къуажэ клубым къыщІэкІыжьахэм Шэхьидэт яхэту щыпсэгъуэм, Мурадин абы бгъэдыхьэри, «Унэзгъэсыжьинущ, къунымэ», - жриІащ. «ФІыщІэ пхузощІ ар уигу къызэрыкІам щхьэкІэ

Адыгэ пщащэм и хахуагъэ

● Хъыбар

Урыс-Кавказ зауэжьыр екIуэкIырт. Адыгэхэм загъэхьэзырырт ТIуапсэ быдапIэр зэжакъутэну.

Шапсыгъым щыцIэрыпсэу пщащэ, Къазийхэ япхъу Хьэнифэ дахэм къыпльихьуат дзэзешэ хахуэ Къуэджэбэрдыкъуэ Мыхьэмэт. А зэман хьэлъэр нысашэм, хьэгъуэлIыгъуэм темыгъэпсихьами, Хьэнифэ арэзы хъуат и насыпыр Шапсыгъым и щIыбкIи зи лIыгъэр щызэлъащIыса щIалэ бжьыфIэшхуэм и гуащIэрэ и зэфIэкIрэ ирипхыну. Хъыджэбзым зэхихат Мыхьэмэт сымэ ягъэхьэзыр теуэныгъэм и хъыбар. Арати, а зэманым къекIуэкIыу щыта нысэ уасэм и пIэкIэ зи лъэпкъым и къэкIуэнум хэгумэщI бзылъхугъэ Іущым Мыхьэмэт хуигъуат бийм и топ къуентхъыу къыхуишэмэ, абыкIэ арэзыуэ. Мыхьэмэтм, и лIыгъэм къигъэгъэрти, апхуэдэ уасэм еувэлIащ...

Адыгэдзэр ТIуапсэ быдапIэм тоуэри зэхакъутэ. Мыхьэмэт урыс топыр къуентхъ къещIри, Хьэнифэ дахэм къыхуешэ, ауэ езыри уIэгъэ хьэлъэу, шэм зэщIиблауэ къашэж. Мыхьэмэт и гъыбзэм мыпхуэдэу хэтщ ар къышащэжьым Хьэнифэ жиIауэ:

Сыпыкъуокl гущэри, сыщыппыкъуэплькIэ,
Уей, и шыгъ гущэмэ лъы пцIыигъэр ити...

Шэр кьыщыхахыжми лIыгъэшхуэрэ шыIэныгъэрэ къегъэлъагъуэ, тIэкIри нэхъыфI къохъужри, абы щыгуфIыкIа джэгуакIуэм «Къуэджэбздыкъуэ Мыхьэмэт и шэхэхьж уэрэд» нэщхьыфIэр зэхелъхьэ. Ар псалъэ зыхэмыт макъамэ-уэрэдт, шыкIэпшынэкIэ ягъэзащIэу, екъу щIэту.

АрщхьэкIэ куэд дэмыкIыу Мыхьэмэтыр къызэIокIхьэжри, уIэгъэхэм ялIыкI. Ялэ уэрэдыр хузэхэзыльхьауэ щыта джэгуакIуэм зэуэ гъыбзэ еус, ар жаIэуэр щIалэр щIалъхьэ.

Абы и ужькIэ Хьэнифэ цIыхухъу щыгъынкIэ зихуапэщ, Іэщэкlэ зиуэздри дэшэсыкIащ, зыми хъыбар иримыгъащIэу. Зыщщыпlэ кьикIа щIалэщIэу фIэкI закъримыгъэцIыхуу адыгэ шуудзэм хихьэри, джатэпэрыкIуэу, шыщхьэмыгъаззу зэуащ, гу зыщимыхуа Мыхьэмэт и лъыр ищIэжу.

Ар пщащэу къыщащIар, зэры-Хьэнифэр къыщацIыхуар къаукIыу шым кьыщехуэхаращ. И цIыхухъу пIыэр щхьэрыхури, абы щIэгъэпщкIуа щхьэцIышхуэр къыщIэхуат, и хъыджэбз куэншыбэри зэрыщыгът...

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

АдыгэлIрэ адыгэшрэ.
Сурэтыр **Щомахуэ Владимир** *трихащ.*

● Ущие зыхэлъ тхыгъэ

Нысэ къызэрыхахыр

ЛIым и къуэ нэхъыщIэм къригъэшэну мурад ищIащ. Зэманыр бжьыхьэт. И щхьэгъусэми емыупщIу, езым Іэхэур зэфIигъэкIмэ, нэхъ къищтащ. Хъарбыз бэгъуэ кьеХуэлIати, выгум тажджэ иригъэувэщ, хъарбызыр из ищIри, я гъунэгъу къуажэм кIуащ:

- Хъарбыз пхъэнкIийкIэ сохъуэж, жылэ махуэ хъун, хъарбыз пхъэнкIийкIэ сохъуэж, - жиIэурэ кIийуэ.

ЛIыжь «делэм» къуажэм хъыджэбзу дэсым пхъэнкIийр уэсу кьыхурагъэсащ. Хэт матэкIэ кьехь, хэт пэгункIэ, хэти хьэнцэм тегункIэ кьыхуегъэс. Ауэрэ зы хъыджэбз и Іэмыщlэм пхъэнкIий тIэкIунитIэ фIэкIа имылъу кьыхуэкIуащ лIыжьым:

- Кхъыlэ, мыбы пэкIуэ зы хъарбыз цIыкIу кьыlэт. ПхъэнкIийкIэ хъарбыз яхъуэжьину си мыгугъу жьыуэ псори зэщIэспхъанкIэри пхъэнкIийри издзыжат, мы тIэкIур гуэщ планэпэм кьыкъуэспхъэнкIыкIыжауэ аращ, - жиIэри.

ЛIыр зыхуейр арати, и выгур хъыджэбзым я пщIантIэм дигъэхьэри, абы щинунэщIащ. Куэд димыгъэкIыуи хъыджэбзым и адэанэм я деж лъыхъуэр игъэкIуащ, «дывгъэблагъэтэмэ» жиIэри.

МАФIЭДЗ Сэрэбий.

● Ди бзылъхугъэхэм хужаIаХэр

ТхьэМ зы щIыпIэм щызэхуишэса?

Ижь-ижьыж лъандэрэ къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм ящыщ къэхутакIуэхэр, еджагъэшхуэхэр ягъэщIагъуэу адыгэ бзылъхугъэм тетхыхьащ. Ахэр тепсэлъыхьащ адыгэ бзылъхугъэм и дахагъэм, и акъыл жаным, ар нэхъри гуакIуэ зыщI зэрихьэ хабзэ гъэщIэгъуэнхэм.

Х ЛIЭЩIыГъУЭМ адыгэ хэкум щыIа хьэрып географ-къэхутакIуэ **Абдул-Хьэсэн Алий аль-Массуди** итхыгъащ: «Хэгъэгуу дэ дыздэщыIаХэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыбэр хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иЭкъым апхуэдэ уардагъэ, Іэпкълъэпкъ зэкIуж. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ».

Массуди и ужь илъэс 800-м нэс дзыкIэ щыщ **Гердер Иоганн** адыгэхэм щытетхыхьар. Мис абы итхам щыщ пычыгъуэхэр: «Мыр адыгэ хэкущ, дахагъэм и хэщIапIэщ... Адыгэ бзылъхугъэр дуней хьурейм кьыщацIыху. Абыхэм я набдзэ шылэ фIыцIэ псыгъуэ къурашэм, хуэаскIэр кьыщыщIих нэ фIыцIэхэм, натIэ хужь джафэм, нэкIу хъурей Іупэ пIащIэм удамыкьэхьнкIэ Іэмал иIэкъым. Дуней псом Іэпкълъэпкъ зэкIужу тет цIыхухэр мыбдеж Тхьэм щызэхуишэсам хуэдэщ... Дэ, Европэм, ди пасыпти, мы лъэпкъ дахащэм дыпэмыжьжьэу Тхьэм дыкъиГъэщIащ».

Х ЛIЭЩIыГъУЭМ адыгэ хэкум щыIа хьэрып географ-къэхутакIуэ **Абдул-Хьэсэн Алий аль-Массуди** итхыгъащ: «Хэгъэгуу дэ дыздэщыIаХэм, къеттхэкIа лъэпкъхэм зыри яхэткъым адыгэхэм хуэдэу зи щIыбэр хужьрэ зи бзылъхугъэхэр дахэрэ. Зы лъэпкъи иЭкъым апхуэдэ уардагъэ, Іэпкълъэпкъ зэкIуж. Адыгэ бзылъхугъэхэр цIэрыIуэщ я хьэл-щэн дахэмкIэ».

Пэпс къыщIэнамэ къыщIагъэжри, дагъэри къытрах. А дагъэр лым щIэкIэжри, дакъикъи 8 - 10-кIэ, тхъуэплъ хъуху, ягъажьэ. Абы бжьыныщхьэ упщIэта щIалъхьэри, дакъикъи 6-кIэ ягъажьэ, Іэмал зэриIэкIэ щызэпащIэкIэ бжьыныр лым и лъабжьэм ягъакIуэ. Абы щыгъуэ бжьыныр нэхъ псынщIэу мэлыбжьэ.

ИтIанэ лым къыщIагъэжа псыр щIакIри, и щхьэр трапIэж, мафIэ мыгуащIэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъи 5 - 10-кIэ, ягъэбэхъу. ЗэрызэщIэлъу пщтыру Іэнэм трагъэуувэ. Дашх пIастэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):
бабыщIылу - г 600,
шыгъуу -г 8,
зэрагъэвэну псыуэ - г 200,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

● Къэпкъ шхыныгъуэхэр

Зэпкърыхауэ гъэжьа бабыщыл



Бабыщыл гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхъэщI, тебэм иралъхьэ, шыгъу традэ, псы щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэри мафIэ мыиным тету дакъикъэ 40 - 50-кIэ ягъавэ, лыр щабэ хъуху.

Пэпс къыщIэнамэ къыщIагъэжри, дагъэри къытрах. А дагъэр лым щIэкIэжри, дакъикъи 8 - 10-кIэ, тхъуэплъ хъуху, ягъажьэ. Абы бжьыныщхьэ упщIэта щIалъхьэри, дакъикъи 6-кIэ ягъажьэ, Іэмал зэриIэкIэ щызэпащIэкIэ бжьыныр лым и лъабжьэм ягъакIуэ. Абы щыгъуэ бжьыныр нэхъ псынщIэу мэлыбжьэ.

ИтIанэ лым къыщIагъэжа псыр щIакIри, и щхьэр трапIэж, мафIэ мыгуащIэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъи 5 - 10-кIэ, ягъэбэхъу. ЗэрызэщIэлъу пщтыру Іэнэм трагъэуувэ. Дашх пIастэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):
бабыщIылу - г 600,
шыгъуу -г 8,
зэрагъэвэну псыуэ - г 200,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Гъатхэмрэ хъыджэбзымрэ

Жьыбгъэм уафэр
КIуэху еукъэбз...
Жьыуэ къэхъеяуэ,
Гъатхэ губгъуэм
Итщ хъыджэбз,
И ишэгъуэ хъуауэ.

Пщащэм и нэ,
И псэм хуехь
Гъатхэм и дахагъэр.
Гъатхэм и нэ,
И псэм хуехь
Пщащэм и дахагъэр.

Гъатхэ пасэ
КъэгуфIам
Пщащэр хуогуфIэжыр.
Жьыбгъэ щIасэ
Къеубзам
Бзэнщэу йоубзэжыр.

Уафэ къащхъуэм
Пщащэр йоплъ:
«Абы и лъагагъыр!»
Хъыджэбз нащхъуэм
Уафэр къоплъ:
«Нэхэм я кууагъыр!»

Къурш щхьэ тхъуахэм
Пщащэр йоплъ:
«Ахэм я хужьагъыр!»
Хъыджэбз нэкIум
Бгыхэр къоплъ:
«Абы и къабзагъыр!»

Пщащэр йоплъыр:
«ДэгъуэщI!»
Хъыджэбз бостей
ХэдыкIам
Гъатхэр къоплъыр:
«ИгъуэщI!»

Пщащэм жеIэ
«Нэкъуэлэн» -
Игу хыхьа уэрэдыр.
Бзум я макъкIэ
Къожьууж
Гъатхэр а уэрэдым.

А хъыджэбзым
И насыпщ
ЩIылъэм зэрытетыр,
Губгъуэ-анэм
И насыпщ
Пщащэр зэрытетыр.

ЗэхуогуфIэ,
Зэлапщыт
ТIуми яIэр фIыгъуэу.
Я дахагъэр
Зэралъыт,
Зыр зым емыфыгъуэу.

Сэри соплъ:
«Нэхъ дахэр хэт?» -
Си щхьэм соупщIыжыр.
«Дара гъатхэр,
Пщащэр хэт?» -
СфIызэхогъуэщэжыр...

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер.

* * *

Ди бзылъхугъэ Іэфlхэ, дывохъуэхъур нобэ!
Фэ ди махуэ лъапIэр щIылъэм щыдоIэт.
Быну дунейм тетхэр фэращ зыгъэхуабэр,
Фэ ди махуэ лъапIэр псоми вдыдоIэт!

Сэ сохъуэхъур анэу дунейм тетхэм:
Фи бын я быныжхэм хъер ядэфлъагъун,
Фи дахагъэр ещхьу гъатхэм удз къэтIэпIхэм,
Узыншагъэ фиIэу куэдрэ фыпсэун!

Мы дунейри нэщIти, фэ фыдимыIамэ,
Дыгъэ-маззэр даури щIылъэм щыунэхунт?!
Ди анэфI-шыпхъуфIхэ, фэ фымыпсэуамэ,
Губгъуэм фэщхь удз дахэр даури къэтIэпIынт?!

Ди анэфI нэхъыжьхъэ, Тхьэм фигъэщIэращIэ,
Унэгуащэ псори Тхьэм быныкIэ фищI!
Ди хъыджэбзхэр псори Тхьэм нысащIэ фищIхэ,
Фэ фи махуэ лъапIэр угъурлы Тхьэм тхуищI!

ТУТ Михаил.

● Лъэпкъ шхыныгъуэхэр

Зэпкърыхауэ гъэжьа бабыщыл

Бабыщыл гъэкъэбзар Іыхьэ-Іыхьэуэрэ зэпкърах, псы щIыIэкIэ ятхъэщI, тебэм иралъхьэ, шыгъу традэ, псы щIыIэ щIакIэ, и щхьэр трапIэри мафIэ мыиным тету дакъикъэ 40 - 50-кIэ ягъавэ, лыр щабэ хъуху.

Пэпс къыщIэнамэ къыщIагъэжри, дагъэри къытрах. А дагъэр лым щIэкIэжри, дакъикъи 8 - 10-кIэ, тхъуэплъ хъуху, ягъажьэ. Абы бжьыныщхьэ упщIэта щIалъхьэри, дакъикъи 6-кIэ ягъажьэ, Іэмал зэриIэкIэ щызэпащIэкIэ бжьыныр лым и лъабжьэм ягъакIуэ. Абы щыгъуэ бжьыныр нэхъ псынщIэу мэлыбжьэ.

ИтIанэ лым къыщIагъэжа псыр щIакIри, и щхьэр трапIэж, мафIэ мыгуащIэм тету хьэзыр хъуху, дакъикъи 5 - 10-кIэ, ягъэбэхъу. ЗэрызэщIэлъу пщтыру Іэнэм трагъэуувэ. Дашх пIастэ, чыржын, мэжаджэ, щIакхъуэ.

Халъхьэхэр (цIыхуитI Іыхьэ):
бабыщIылу - г 600,
шыгъуу -г 8,
зэрагъэвэну псыуэ - г 200,
бжьыныщхьэ укъэбзауэ - г 50,
шыбжийуэ - узыхуейм хуэдиз.

«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.

Псалъэзэблэдз



ЕкIуэкIыу: **1**. Джэдкъаз. **4**. Мэл кIуэцIфэцIым кьыхащIыкI адыгэ шхыныгъуэ. **5**. Къэрэшей-Шэрджэсым и цIыхубз усакIуэ ... Алим. **7**. Ди гъунэгъум Іэщ ... иIащ. **8**. Совет Союзым хиубыдэу щыта къалэ-лIыхъужь. **10**. Си адэшхуэм ... гъэщIэгъуэн куэд ещIэ. **12**. Бдзэжьей лIэужьыгъуэ. **14**. ... пыIэ. **15**. ЩIым гъуэ куу къыщиэзытхъу, хьэпIацIэхэр, хьэмбылухэр зи шхыныгъуэ псэущхьэ цIыкIу. **16**. Шатэ е тхъуцIынэ гъэвэжам кьыхах дагъэ. **18**. Шым и кIуэкIэ. **19**. Пасэрей зауэлI пыIэ. **21**. Хьэцэпэцэ щаIуэкIэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу кьыщIокI. **24**. Хьэпщхупщ, шынагъуэ. **26**. Мажьэ зэи хуей мыхъу цIыхухъу. **27**. ГъукIэм и Іэмэпсымэ. **28**. КIыщокъуэ Алим и роман «Нал ...». **29**. ... лъакъуэ шкIэ иукIрэ? **32**. ЕуэкIыпIэ. **34**. МусЛъымэн диным зэрыжиIэмкIэ, зи щIалэгъуэр зэи имыкIыу жэнэтым ис тхьэIухуд. **35**. Къуэш ... нэхърэ ныбжьэгъуфI. **36**. Цым, цым, цым, ... лъэбыщэжь. **38**. ... куэдрэ уэмэ, и дамэр мэкъутэ. **40**. Адыгэ Іуэрыlуатэм кьыхэщыж цIыхубз пелуан. **42**. Нэхъыжь тIысыпIэ. **43**. Блэм и бзэгу. **44**. Языныкъуэ цIыхубзэкм, щхъуэхъпсыхь зезыхьэу зыхуагъэфащэхэм, жин ... яIэу жаIэ. **46**. Пщы Темрыкъуэ ипхъу, урыс пащтыхьышхуэ Иуан Грознэм и щхьэгъусэ. **47**. МылтыкукIэ зызымыгъэнщI цIыху. **48**. Къэбэрдей тхакIуэ ... Іэзид.

Къехьу: **1**. ... зиIэр тIэхъуаIэщи, гукъеуэ зиIэр псалъалэщ. **2**. Кьэпщащ, къэушырыба. **3**. Зи Іуэ ит нэхърэ зи ... ит. **4**. Зы мэжджытым епха хьэблэ зыбжанэ. **6**. ЦIыхубзым, бзылъхугъэм зэреджэ нэгъуэщIыщIэ. **9**. Языныкъуэ сабий нэхъ цIыкIухэр джэдум зэреджэр. **11**. Пасэрей Іэщэ зэрыпыджэ. **12**. Дунейпсо олимп зэхьэзэхуэхэм лъакъуэрыгъажэмкIэ чемпион щыхьуа адыгэ щIалэ ... Борис. **13**. Къуалэбзум, джэдкъазым ятет цы щабэ. **17**. Сталиным и дамэгъу нэхъ гъунэгъуэхэм ящыщ, 1930 - 1941 гъэхэм правительствэм и унафэщIу, иужькIэ нэгъуэщI екIуэрал Іуэхуэхэм кIэ СССР-м и министр кьулыкъур зыIыгъа. **20**. Къэрэшей-Шэрджэсым щыпсэу лъэпкъ, адыгэм лъэныкъуэ куэдкIэ ди гъунэгъу. **22**. ШыкъумцIий уд фызыжьым еБзэджэкIыу псыхьэ зэригъэкIуа хьэкъущыкIу. **23**. Кьурш лъэныкъуэмкIэ кьриху жыв щIыIэтыIэ. **25**. Уеплъмэ, ..., уеджэмэ, дэгу. **29**. ЕгъэлеяуэбгыIым щыщ лъэпкъышхуэ. **30**. Европэмэ Азиемрэ я зэхуакIуэ дэт бгыщхуэ екIуэкIэр. **31**. Шевйацемэ я щыхьэр кьалэ. **33**. Кьулъкъужьын Илщэ кьыщыхьуа усакIуэ, «Адыгэ псалъэ» газетым и лэжьакIуэу щыта. **37**. Хьэл- ... дахэ зыдэплъагъу пщащэ адыгэм ди мащIэкъым. **39**. ЩхьэхуимыТу яIыгъ цIыху. **41**. Кавказ ИщхьэрэмщIыщ лъэпкъышхуэ. **44**. ЦIыху куэд зрихьэлIэ зэхуэс. **45**. Акъылым уасэ иIэкъым, гъэсэныгъэм ... иIэкъым.

Зэхэзылъхьар **Мыз Ахьмэдщ.**

Мазаем и 29-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:

ЕкIуэкIыу: **5**. Мэрзэхъу. **2**. Езауэр. **8**. Бру. **9**. Пкъынэ. **10**. Малъхъэ. **11**. ЧыцIыжьжь. **12**. Дыд. **13**. Нэщ. **16**. Кьургъакъ. **20**. Гуу. **21**. Сыр. **22**. Аму. **23**. Шху. **25**. КъуанщIэ. **29**. Блэр. **30**. Пшэр. **31**. Хьэкъурт. **35**. Бо. **36**. Гъуэт. **38**. Бел. **39**. Гъуо. **40**. Уардэ. **41**. Хьв. **44**. КIыщ. **45**. Уэлбанэ. **47**. Залым. **49**. ЩыпкъэI. **51**. Гудэ. **52**. Акъсырэ. **53**. Хъунщ1акIуэ.

Къехьу: **1**. Нэпкъ. **2**. Чэрэчэ. **3**. Аззмэт. **4**. Шэпхъ. **6**. Куржы. **12**. Дэгущ. **14**. ШIыхуэ. **15**. ПсыхьэлIыгъуэ. **16**. Кьурыкъу. **17**. Гъэ. **18**. Къамэ. **19**. Джугашвили. **24**. Абэ. **26**. Ажэ. **27**. ЩIэр. **28**. Кьру. **31**. Хьэту. **32**. Тебэ. **33**. Убыв. **34**. ЩIопщ. **37**. Гъур. **42**. Жумарт. **43**. Нэщанэ. **46**. Бадзэ. **48**. Аркъэ. **50**. КьокIуэ.

● Гушы1эхэр

Гуэгушыхъужьым зегъэшэж

Дизыкъуажэ щцIыкIыум машинэ исхэм ехъуапсэрти, куэдрэ жиIэрт: «Ин сыхъумэ, шофёру седжэнуц». Ар зэхэзыха гъунэгъу цIыхубзыр кьыщцIдыхьэшхащ:

Тхьэ уэ шофёр ухъумэ, мо ди гуэгушыхъужьри шофёр хъунмэ!

Зэман дэкIащ. Дизыкъуажэ школыр кьиухри, шофёру еджащ.

Зэгуэрым ар, машинэкIэ кьалэм кьикIыжу, къэувыIэпIэ гуэрым и деж и гъунэгъу цIыхубзыр тету кьыхуэзащ.

- СыздэшэжI - и Іэ-и лъэр ищIу гъуэгум кьытелъэдащ ар.

- Фи гуэгушыхъужьым зегъэшэж! - жиIэри Дизыкъуажэ кьыблэжащ.

Зейм иретыж

Дизыкъуажэ и щхьэгъусэм джэдкъаз куэду зэрихуэрти, ищхьэри кьыщIэкIамкIэ телевизор кьищэхуат. «Телевизорыр джэдкъазым кьыхэсхащ», - жиIэурэ кьыщIыхьэу хъуам яжриIэрти, ар хуэмышэныжу Дизыкъуажэ мурад ищIащ абы хуэфащэр иригъэну.

Зы махуэ гъэрым фызыр зыщIыпIэ щыIауэ кьыщIыхьэжмэ, телевизорыр бгъуэтмэ къащта - пэшым щIэтыжжкъым.

- Дэнэ телевизорыр здэпхьар? - щыхьащ фызыр Дизыкъуажэ.

- Зейм естыжащ.

- Хэт эптар?

- «Джэдкъазым кьыхэсхащ, джэдкъазым кьыхэсхащ» жыпIэрти, джэдэщым яхуэсхьыжауэ джэдхэр йоплъ, - жиIащ Дизыкъуажэ.

ЛЫХЪ Людмилэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр:
ЖьэкIэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и япэ къуэдзэ), **Жыласэ Зарубэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Ширдий Маринэ** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Кьаншокьуэ Эллэ** (жэуап зыхь секретарь), **Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщlэпыдзэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщl Иззэ.**

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

КьыдзэгъэкIэмрэ редакцэмрэ я хэщIапIэр

360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 40-25-4, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкIэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкIэ - 42-22-86; къуажэ гъащIэмрэ экономикэмкIэ - 42-57-59; щэнхабзэмкIэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхуэщ1апIэхэм ядэлэжьэныжьмкIэ - 42-60-53; зэныщIагъэр хъумэнымрэ экологиемкIэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ - 40-15-31; хъыбарыщIэхэмкIэ - 42-22-88; зэдзэкIакIуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатlэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Тедзэр тхыгъэхэм кьыщыхьа бжьыгъэхэм, кьыщIэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкIэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху еплъыкIэр зэтехуэ зэпыту щыткъым.

Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьныр и пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщIэныгъэхэмкIэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатным и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Кьбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ Іуэхущ1апIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 156-рэ кьыдокI.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгъ къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А (12+)

Индексыр П 5894 ● Тираж 2.152 ● Заказ №440

Мы къыдэкIыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и кьэудэ **Дыщэ1 Соня,** *редактору* **Жыласэ Заурбэч,** *корректорхэру* **Афэ Тамарэ** *(1, 4-нэ нап.),* **Инэрокъуэ Аззэт** *(2, 3-нэ нап.), корректорхэм я дзэпыкъуэгъу* **Нэужькъуэ Заирэ.** *КомпьютеркIэ газетым и теплэр ящIащ* **Дол Маринэ, Бещто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Къарей Элинэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэ» и компьютер Іэнатlэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.